# Jëfi Ndawi Yeesu yi

## 1

### Yeesu jox na ndawam yi ay ndigal te Yàlla yékkëti ko asamaan

[1] Yaw Teyofil, nettali naa ci sama téere bu jëkk lépp li Yeesu
tàmbali woon di jëf te di ko jàngale, [2] dale ko ci njàlbéen ba, ba bés
bi ko Yàlla yékkëtee ci kaw asamaan, gannaaw bi mu joxee ndigal
ndaw yi mu tànnoon jaarale ko ci Xel mu Sell mi. [3] Gannaaw
coonoom ba ni mu deewe, feeñu na ndaw yi te won leen ay firnde
yu bari te wóor ne mu ngi dund ci diiru ñeent fukki fan te muy wax
ak ñoom ci lu jëm ci nguuru Yàlla gi. [4] Benn bés, bi muy lekkandoo
ak ñoom, mu jox leen ndigal bii: «Buleen sori Yerusalem waaye
xaarleen li Baay bi dige woon bi ngeen dégge ci sama gémmiñ ma
waxoon ko. [5] Ndaxte Yaxya doon na sóob nit ñi ci ndox waaye yeen
ci ay fan yu néew Yàlla dina leen sóob ci Xel mu Sell mi.» [6] Ñi
nekkoon ci wetu Yeesu laaj ko ne: «Boroom bi, ndax ci waxtu bii
ngay delloo Israyil nguuram?» [7] Mu tontu leen ne: «Du yeena wara
xam bés bi walla waxtu bi Baay bi tànn ci sañ-sañam. [8] Waaye Xel
mu Sell mi dina wàcc ci seen kaw, feesal leen ak kàttanam te
dingeen nekk samay seede ci Yerusalem, ci Yude yépp, ci diiwaanu
Samari, ba fu àddina si yem.» [9] Gannaaw bi mu waxee kàddu yooyu
ba noppi Yàlla yékkëti ko ci seeni bët te benn niir muur ko. [10] Bi ñuy
wéy di xool muy yéeg, ci saa si ñaari góor yu sol yére yu weex feeñu
leen, [11] ne leen: «Yeen waa Galile, lu tax ngeen nekk di wéy di xool
ci asamaan si? Yeesu mi ngeen gis ñu yékkëti ko ci asamaan, ci
anam bi ngeen ko gise muy dem ci asamaan, ci anam boobu lay
dellusee.» [12] Noonu ñu jóge ci tund bi ñu woowe Tundu Oliw ya, ñu
dellu Yerusalem, te diggante tund boobu ak Yerusalem tollu woon

na ci benn kilomet. [13] Bi ñu yegsee Yerusalem, ñu yéeg ci néeg bu
féete ci kaw fi ñu doon dal. Ñii ñoo fa nekkoon: Piyeer, Yowaana,
Saag, Andare; Filib, Tomaa, Bartelemi, Macë; Saag doomu Alfe,
Simoŋ di ku takku ci réewam, ak Yudaa di doomu ku tudd Saag.
[14] Ñoom ñépp bokkoon nañu benn xel te farlu ci ñaan ak rakku
Yeesu yi, ak yenn jigéen te Maryaama di yaayu Yeesu bokkoon ci.

### Tànn nañu Maccas ngir mu wuutu Yudaa

[15] Ci bés yooyu Piyeer jóg taxaw ci kanamu mbokki gëmkat yi, te
ñu tollu ci téeméeri nit ak ñaar fukk. Mu ne leen: [16-17] «Samay
mbokk, Xam ngeen li daloon Yudaa. Li Xel mu Sell mi wax ci Mbind
mi jaarale ko ci gémmiñu Daawuda ci lu jëm ci moom, fàww mu
mat. Yudaa bokkoon na ci nun te amoon wàll ci liggéey bii. Waaye
mu jiite woon ñi jëlsi woon Yeesu. [18] Xaalisu bàkkaar boobu, mu
jënde ko tool. Mu daanu fa, jiital boppam, biiram xar, butitam yi
tuuru. [19] Waa Yerusalem yépp déggoon nañu loolu, moo tax ci seen
lakk ñu tudde woon tool boobu Akeldama, li tekki toolu deret.
[20] Mbind mi nee na ci téere Saboor yi: "*Na këram nekk màndiŋ, te kenn
bañ fa dëkk.*" Ñu bindaat ne: "*Na keneen def liggéeyam.*" [21] Kon nag
fàww ñu jël kenn ci ñi doon ànd ak nun ci jamono bépp bi Boroom
bi Yeesu di dem ak di ñëw ak nun [22] dale ko ci jamono ji Yaxya doon
sóobe nit ñi ci ndox ba bés bi Yàlla yékkëtee Yeesu, ngir mu nekk
seede ak nun ci ndekkiteem.» [23] Noonu ñu jël ñaar ci ñoom di
Yuusufa mi tudd Barsabas te ñu koy woowe Yustus, ak Maccas, [24] te
ñu ñaan ñaan bii: «Boroom bi, yaw mi xam xolu ñépp, won nu ki
nga tànn ci ñaar ñii, [25] ngir muy def liggéeyu ndaw te mu wuutu
Yudaa mi bàyyi, jël wàll bi mu yelloo.» [26] Noonu ñu tegoo bant ci
ñaar ñi. Bant bi dal ci Maccas. Mu fekki fukki ndaw yi ak benn.

## 2

### Yàlla jox na taalibe yi Xel mu Sell mi

[1] Bi bésu màggalu Pàntakot yegsee, taalibe yi yépp dajaloo nañu ci
benn béréb. [2] Ci saa si, riir jóge ci asamaan, mel ni ngelaw bu am
doole te gaaw, ba feesal kër gi ñu nekkoon. [3] Noonu lu mel ni ay
làmmiñu safara feeñu leen. Làmmiñ yi tasaaroo te dal ci ku nekk ci
ñoom. [4] Ñoom ñépp, ñu fees ak Xel mu Sell mi te tàmbali di wax
yeneeni kàllaama yi leen Xel mu Sell mi doon may ngir ñu wax
leen. [5] Amoon na ay Yawut yu takku ci Yàlla te daje Yerusalem jóge
woon ci réewi àddina si yépp. [6] Bi ñu déggee coow bi, ñu dajaloo ci
benn mbooloo. Ñu jaaxle ndaxte ku nekk ci mbooloo mi dégg na
taalibe yi làkk sa làkku bopp. [7] Waaru woon nañu te yéemu te di
wax ne: «Xoolal, ñii di wax ñépp, waa Galile lañu! [8] Naka la mëna
nekke, ku nekk ci nun di leen dégg ñuy wax ci kàllaamaam bi mu
nàmp? [9] Waa Pàrt, Medd, Elam, Mesopotami, Yude, Kapados, Pont
ak Asi, [10] waa Firisi, Pamfili ak Misra, waa Libi mi dend ak Siren, ak
waa Room, [11] ñi nekk Yawut ci juddu ak ñi tuub, topp yoonu Yawut,
ak waa Keret ak Arabi. Nun ñépp, nu ngi leen di dégg, ñuy wax ci
sunu kàllaama ay mbir yu réy yi Yàlla def!» [12] Ñépp waaru woon
nañu te jaaxle, te ñuy wax ci seen biir ne: «Lii, lan lay tekki?»
[13] Waaye ñeneen ñi di leen ñaawal te di wax ne: «Dañu naan biiñ ba
màndi.»

### Kàddug Piyeer ci bésu Pàntakot

[14] Gannaaw loolu Piyeer jóg ak fukki ndaw yi ak benn, yékkëti
baatam te wax leen ne: «Yeen Yawut yi ak ñépp ñi dal ci
Yerusalem, dégluleen bu baax, xamleen lii: [15] ñii màndiwuñu ni
ngeen ko fooge ndaxte juróom ñeenti waxtu moo jot ci bés bi.
[16] Waaye lii mooy li Yàlla wax jaarale ko ci yonent Yowel:

[17] *"Yàlla nee na: 'Ci bés yu mujj yi,*
*man dinaa tuur sama Xel ci kaw ñépp.*
*Seen doom yu góor ak yu jigéen yi dinañu wax ci sama tur.*
*Seen waxambaane yi dinañu am ay gis-gis.*
*Seen mag ñi dinañu am ay gént.*
[18] *Waaw, ci jamono jooju dinaa tuur sama Xel*
*ci sama jaam yu góor ak yu jigéen yi*
*te dinañu wax ci sama tur.*
[19] *Dinaa def ay yëf yu yéeme ci asamaan*
*ak ay màndarga ci suuf si,*
*maanaam deret ak safara ak ay niiru saxar.*
[20] *Jant bi dina soppiku doon lëndëm*
*te weer wi dina soppiku doon deret*
*bala bésu Boroom bi di ñëw, di bés bu réy te mag.*
[21] *Te noonu képp ku woo turu Boroom bi dinga mucc.'"»*
[22] Piyeer yokk ca ne: «Yeen waa Israyil, dégluleen kàddu yii: Yeen,
xam ngeen ne Yeesu mu Nasaret moo di ki Yàlla seedeel, te di def
ay kéemaan ak ay yëf yu yéeme ak ay màndarga ci seen biir jaarale
ko ci moom. [23] Nit kooku ñu jébbale ni ko Yàlla dogale te nasoon ko
ci lu yàgg. Yeena ko daajloo bàkkaarkat yi, te rey ko. [24] Waaye Yàlla
dekkil na ko, yewwi ko ci buumi dee, ndaxte dee mënu ko woona
téye ci kàttanam. [25] Daawuda wax na ci lu jëm ci Yeesu:
*"Wéy naa di gis Boroom bi ci sama kanam;*
*ndaxte mu ngi ci sama ndeyjoor ba tax na duma daanu.*
[26] *Looloo tax sama xol a ngi fees ak bànneex*
*te samay kàddu fees ak mbégte.*
*Sama néew sax di tëdd ci yaakaar*
[27] *ndaxte doo ma bàyyi ci béréb bi ñu dee ñi nekk*
*te doo bàyyi sa nit ku sell ki mu yàqu ci bàmmeel bi.*

28 *Xamal nga ma sa yoonu dund*
*te feesal nga ma ak mbégte ci sa teewaay."»*
29 Piyeer yokk ca ne: «Mbokk yi, mën naa leen wax lu wóor ci
mbirum Daawuda sunu maam. Dee na ba ñu suul ko te bàmmeelam
mu ngi fi ba tey. 30-31 Waaye xamoon na ne Yàlla waataloon na ko ne
dina toogloo ni buur kenn ku bokk ci askanam. Gisoon na lu jiitu
ndekkitelu Almasi bi ndaxte yonent la woon. Te ci moom la doon
wax: Duñu ko bàyyi ci béréb bi ñu dee ñi nekk te néewam du yàqu.
32 Yeesu moomu Yàlla dekkil na ko, te nun ñépp seede nañu ko.
33 Yàlla yékkëti na ko ci ndeyjooram te mu jot ci Baay bi Xel mu Sell
mi mu dige woon. Te noonu mu tuur ko ni ngeen ko gise te dégge
ko. 34 Ndaxte nekkul Daawuda moo yéeg ci asamaan waaye moom ci
boppam wax na ne:
*"Yàlla Aji-Sax ji nee na sama Boroom:*
*'Toogal ci sama ndeyjoor*
35 *ba ma daaneel say noon fi ngay teg say tànk.'"»*
36 Piyeer teg ca ne: «Na askanu Israyil yépp xam bu wóor ne Yeesu
mi ngeen daajoon ca bant ba, Yàlla def na ko Boroom ak Almasi bi.»
37 Bi ñu déggee kàddu yooyu, ñu am naqaru xol. Ñu laaj Piyeer ak
yeneen ndaw yi ne: «Mbokk yi, lan lanu wara def?» 38 Piyeer tontu
leen ne: «Tuubleen seeni bàkkaar te ñu sóob leen, kenn ku nekk ci
yeen, ci ndox ci turu Yeesu Almasi bi. Bu booba Yàlla dina leen baal
seeni bàkkaar te jox leen Xel mu Sell mi. 39 Ndaxte li Yàlla sunu
Boroom dige woon, ngir yeen la ak seeni doom ak ñépp ñi nekk fu
sori te Yàlla di leen woo ci moom.» 40 Noonu Piyeer wéy di seede ak
yeneeni kàddu yu bari ngir ñaax leen, di wax ne: «Muccleen ci niti
jamono ju dëng ji.»

### Dundinu taalibe yi

41 Ñi nangu woon kàddug Piyeer yooyu sóob nañu leen ci ndox, te

ci bés boobu Boroom bi yokk lu tollook ñetti junni nit ci taalibe yi.
[42] Ñoom ñépp dañu doon déglu njàngale ndaw yi, booloo nekk benn,
di damm mburu mi, te di ñaan ak takkute. [43] Askan bi yépp nekkoon
nañu ci tiitange te Yàlla doon def ay yëf yu yéeme ak ay màndarga
yu bari jaarale ko ci ndaw yi. [44] Ñépp ñi gëmoon nekkoon nañu
benn te bokk lépp. [45] Ñu jaay seen am-am ak seen alal te séddale
njég li ci ñépp, ci ku nekk li mu soxla. [46] Bés bu nekk dañu doon daje
ci kër-Yàlla gi ak takkute, di damm mburu ci kër yi, te di lekkandoo
ak mbégte ak xol bu woyof. [47] Ñuy sant Yàlla te askan bi yépp jox
leen cér. Bés bu nekk Boroom bi doon na yokk limu taalibe yi mu
doon muccal.

## 3

### Benn waa ju lafañ jot na wér ci turu Yeesu

[1] Benn bés, Piyeer ak Yowaana doon nañu dem ci kër-Yàlla gi ci
ñaanu ñetteelu waxtu ci ngoon. [2] Fekk ñu andi fa benn waay bu
judduwaale lafañ. Bés bu nekk dañu ko doon toogloo ci buntu kër-
Yàlla bi ñuy woowe "bunt bu rafet bi" ngir mu yelwaan ñi fay dugg.
[3] Bi mu gisee Piyeer ak Yowaana, ñuy waaja dugg kër-Yàlla gi, mu
ñaan leen sarax, [4] waaye Piyeer ak Yowaana xool ko, ne jàkk. Piyeer
ne ko: «Xool nu!» [5] Lafañ bi xool leen, yaakaar jot ci ñoom dara.
[6] Piyeer ne ko: «Awma xaalis, awma wurus, waaye li ma am, maa ngi
la koy jox. Ci turu Yeesu mu Nasaret di Almasi bi, jógal te nga dox.»
[7] Piyeer jàppe ko loxo ndeyjooram te yékkëti ko. Ci saa si, tànki waa
ji dëgër. [8] Mu tëb, taxaw, tàmbalee di dox, te mu ànd ak ñoom, dugg
ci kër-Yàlla gi, di dox, di tëb, te di sant Yàlla. [9] Mbooloo mi yépp gis
ko muy dox di sant Yàlla. [10] Bi ñu ko xàmmee, te xam ne moom moo
daan toog ci bunt bu rafet bu kër-Yàlla gi ngir yelwaan, nit ñépp
daldi yéemu te waaru ndax li daloon waa ji.

## Kàddug Piyeer ci ëttu Kër-Yàlla gi

[11] Waa ji ñu wéraloon ci lafañ bi taq ci Piyeer ak Yowaana. Askan
bi yépp dawsi, dajesi ci ëttu kër-Yàlla gi, ci béréb bi ñu woowe
Perongu Suleymaan. Ñu waaru lool. [12] Bi Piyeer gisee loolu mu ne
askan bi: «Yeen waa Israyil, lan moo tax ngeen waaru ci li xew? Lu
tax ngeen xool nu ne jàkk mel ni ci sunu kàttanu bopp walla ci sunu
takku ci Yàlla moo tax nit kii di dox? [13] Déedéet. Yàllay Ibraayma,
Isaaxa, ak Yanqóoba di Yàllay sunuy maam màggal na ndawam
Yeesu. Yeen, yeena ko jébbale, weddi ko ci kanamu Pilaat bi mu
jëlee dogal ngir bàyyi ko. [14] Weddi ngeen Ku Sell Ki te jub te ñaan
ngeen Pilaat mu tijjil leen benn reykatu nit. [15] Reylu ngeen boroom
dund gi, waaye Yàlla dekkil na ko ci ñu dee ñi. Nun, seede nañu ko.
[16] Kàttanu turu Yeesu moo tax waa jii ngeen gis te xam ko, dëgër.
Jaarale ko ci gëm ci turu Yeesu waa ji wér na péŋŋ ni ngeen ko gise,
yeen yépp.

[17] «Léegi nag samay mbokk, xam naa ne, ni ngeen jëfe nii, seen
ñàkka xam moo ko waral, yeen ak seeni njiit. [18] Te noonu Yàlla
matal na lépp li mu yégle woon bu jëkk, jaarale ko ci gémmiñu
yonentam yépp, bi mu ne Almasi bi, fàww mu daj coono. [19] Kon nag
tuubleen seeni bàkkaar te dellusi ci Yàlla ngir mu baal leen, [20] te
noonu Boroom bi Yàlla dina leen may ay jamonoy noppalu te dina
leen yónnee Almasi bi mu tànnoon bu jëkk, maanaam Yeesu. [21] Ci
jamono bii, war na des asamaan, ba bés bi Yàlla di yeesalaat lépp ni
mu ko yégle woon ci jamono ju jëkk ja jaarale ko ci yonentam yu
sell yi. [22] Musaa waxoon na ne: "*Boroom bi Yàlla dina leen feeñalal benn
yonent ni man bu bokk ci yeen. Nangeen déglu lépp li mu leen di wax,* [23] *te
ku baña déglu yonent boobu, dinañu ko dàq ci askan bi, mu sànku.*"

[24] «Rax ci dolli yonent yi yépp dale ko ci Samiyel ak ñi ci topp wax
nañu ci, te yégle bés yii. [25] Yeena donn dige yi Yàlla dige woon

jaarale ko ci yonent yi ak kóllëre gi Yàlla fas ak sunuy maam, bi mu
waxee Ibraayma ne: "*Ci sa askan, njabootu àddina si yépp, dinañu*
*barkeelu.*" [26] Yeen la Yàlla feeñalal ndawam Yeesu ci bu jëkk te
yónnee leen ko ngir mu barkeel leen te woññi kenn ku nekk ci
jëfam yu bon.»

# 4

## Jàpp nañu Piyeer ak Yowaana te tuumaal leen ci kanamu Kurélu àttekat yi

[1] Bi Piyeer ak Yowaana di wax kàddu yooyu askan bi, jébbalkati-
sarax yi ak njiitu garjen kër-Yàlla gi ak ñi bokk ci tarixa Sadusen yi
jegesi leen. [2] Dañoo meroon ci li ñu doon jàngal askan bi te yégle ne:
ni Yeesu dekkee ci ñu dee ñi, noonu la ñi dee di dekkee, ñoom
tamit. [3] Ñu jàpp leen te sànni leen ci kaso bi, ba ca ëllëg sa ndaxte
guddi gi tàmbale woon na. [4] Waaye ñu bari ñi déggoon kàddu yooyu
gëm te seeni xayma matoon na juróomi junni góor.
[5] Ci ëllëg sa, njiiti Yawut yi, mag ñi, ak jàngalekati-yoonu-Musaa yi
dajaloo woon nañu ci Yerusalem. [6] Foofu amoon na Anas
jébbalkatu-sarax-bu-mag bi, Kayif, Yowaana, Alegsàndar ak ñépp
ñi bokk ci njabootu njiiti-jébbalkati-sarax yi. [7] Ñu andil leen Piyeer
ak Yowaana ci seen kanam. Ñu laaj leen: «Ci ban kàttan walla ci ban
tur ngeen defe lii?» [8] Piyeer daldi fees ak Xel mu Sell mi te wax leen
ne: «Yeen, njiiti askan bi ak mag ñi, [9] su fekkee dangeen nuy laaj ci
lu baax li nu defal waa ju lafañ bii ak ci ban anam la jote wér, [10] kon
nag, yeen ñi fi nekk ak askanu Israyil yépp, xamleen ne jaarale ko ci
turu Yeesu mu Nasaret di Almasi bi, bi ngeen daajoon ci bant te
Yàlla dekkil ko ci ñu dee ñi, ci moom la waa ji jote wér te taxaw ci
seen kanam. [11] Yeesu moomu mooy doj bi, te yeen tabaxkat yi
ngeen sànni woon ko, te mu mujje nekk doj bi ëpp solo ci tabax bi.

[12] Mucc amul ci keneen ndaxte ci àddina si yépp Yàlla joxewul
beneen tur bu dul turu Yeesu bu nit mëna mucce.»
[13] Bi kurélu àttekat bu mag bi déggee Piyeer ak Yowaana di wax ak
kóolute, ñu waaru ndaxte dañu leen jàppe woon ne ay nitu neen
lañu te jànguñu woon, te xamoon nañu tamit ne ñoom ñoo daan
ànd ak Yeesu. [14] Waaye bi ñu gisee waa ji ñu wéraloon taxaw ci seen
wet, amaatuñu woon dara lu ñu ci teg. [15] Noonu ñu jox leen ndigal
ngir ñu génn ci ëttu àttekaay bi, te ñuy waxtaan ci seen biir, [16] ne:
«Lan lañu wara def nit ñii? Ndaxte def nañu benn màndarga bu leer
te askanu Yerusalem yépp yég nañu ko, te nun mënunu ko weddi.
[17] Waaye nag, ngir mu baña gëna siiw ci askan bi, nanu leen araftu,
tere leen ñu wax ci tur boobu ci kanamu kenn.» [18] Ci kaw loolu ñu
woo Piyeer ak Yowaana, tere leen ñu yégle walla di jàngale ci turu
Yeesu [19] Waaye ñu tontu leen ne: «Àtteleen yeen ci seen bopp lu jub
ci kanamu Yàlla: nu déggal leen walla nu déggal Yàlla. [20] Nun ci
sunu wàllu bopp mënunu noppi ci li nga xam ne gis nanu ko te
dégg ko.» [21] Ñu araftuwaat leen te bàyyi leen ñu dem, ndaxte
xamuñu woon nan lañu leen di tege daan ndax mbooloo mi. Ñépp
ñu ngi doon màggal Yàlla ci li xewoon, [22] ndaxte waa ji ñu wéraloon
ci màndarga boobu, amoon na lu ëpp ñeent fukki at.

### Ñaan nañu ngir mëna yégle Kàddu gi ak kóolute

[23] Bi ñu bàyyee Piyeer ak Yowaana, ñu daldi dem ci seen àndandoo
yi te nettali leen lépp li leen njiiti-jébbalkati-sarax yi ak mag ñi
waxoon. [24] Gannaaw bi ñu leen dégloo ba noppi ñoom ñépp booloo
di ñaan Yàlla ne: «Boroom bi, yaw mi sàkk asamaan, suuf, géej, ak
lépp li nekk ci seen biir. [25] Yaw mi waxoon jaarale ko ci Xel mu Sell
mi ci gémmiñu Daawuda sunu maam, sa surga ne:

*Lu tax xeeti àddina yi di fippu,*
*te lan moo tax askan yi di mànkoo ci neen?*

[26] *Buuri àddina si jóg nañu ngir xeex*
*te njiit yi booloo nañu ngir xeex Boroom bi ak Almaseem.*
[27] Waaw Boroom bi, dëgg la, ndaxte ci biir dëkk bii Erodd ak Poñsë
Pilaat ak xeeti àddina si ak askanu Israyil mànkoo nañu ngir xeex
Yeesu sa ndaw bu sell bi nga tànn di Almasi bi. [28] Matal nañu lépp li
nga tànnoon bu jëkk ci sa kàttan ak sa coobare ngir ñu def ko.
[29] Léegi nag Boroom bi, déggal seeni araftu, te mayal say surga ngir
nu yégle sa kàddu gi ak kóolute gu mat sëkk. [30] Tàllalal sa loxo ngir
wéral tey def ay màndarga ak ay yëf yu yéeme jaarale ko ci turu
Yeesu sa ndaw bu sell bi.» [31] Bi ñu ñaanee ba noppi béréb bi ñu
nekkoon yëngatu. Ñoom ñépp ñu fees ak Xel mu Sell mi te ñuy
yégle kàddug Yàlla gi ak kóolute.

## Anañas ak Safira

[32] Mbooloom ñi gëmoon boole woon nañu seen xel yi ak seen xol yi
te kenn daawul wax ne moom moo moom alalam. Dañu bokkoon
lépp. [33] Ndaw yi dañu doon seede ndekkitelu Yeesu ak kàttan bu
mag, te yiwu Yàlla bu mag nekkoon na ci ñépp. [34] Ci seen biir kenn
daawul am soxla, ndaxte ñi nga xamante ne ñoo amoon ay tool ak
ay kër doon nañu leen jaay, te andi xaalis bi, [35] jox ko ndaw yi, te ñu
séddale ko ku nekk ak li mu soxla. [36] Foofu amoon na benn waay bu
tudd Yuusufa. Mu soqeekoo ci giiru Lewi te jóge ci Sippar di réew
bu ndox wër. Ndaw yi tudde woon ko Barnabas mi tekki ñaaxkat bi.
[37] Mu jaay toolam, jël xaalis bi, te jox ko ndaw yi.

# 5

[1] Amoon na beneen waay bu tudd Anañas te amoon soxnaam bu
tudd Safira. Jaayoon na tamit toolam. [2] Dafa mànkoo ak soxnaam
ngir denc benn wàll ci njég li, andi li ci des, jox ko ndaw yi. [3] Noonu
Piyeer ne: «Anañas, lan moo tax nga bàyyi Seytaane fees sa xol ba

tax ngay fenal Xel mu Sell mi, denc benn wàll ci njégu toll bi? [4] Du
yaa moomoon tool bi laata nga koy jaay? Te bi nga ko jaayee ba
noppi, ndax mënoo woon def ci xaalis bi lu la neex? Lu tax ngay
mébét lu mel nii ci sa xol? Du nit nga fen, waaye Yàlla nga fen.» [5] Bi
Anañas déggee kàddu yooyu mu daldi daanu te dee. Tiitange bu
mag moo doon jàpp ñépp ñi ko déggoon. [6] Waxambaane yi ñëw,
lëmës néew bi, te suul ko. [7] Lu tollook ñetti waxtu gannaaw loolu,
soxna Anañas daldi ñëw te yégul li xewoon. [8] Piyeer laaj ko ne:
«Wax ma, ndax ci njég bii ngeen jaaye tool bi?» Mu tontu ko ne:
«Waaw, njég bii la.» [9] Piyeer daldi ko ne: «Lan moo tax ngeen
mànkoo di seetlu Xelu Boroom bi? Xoolal! Ñi suuli woon sa jëkkër,
ñu ngi ni ci bunt bi te dinañu la yóbbu.» [10] Ci saa si mu daanu ci
tànku Piyeer yi te dee. Waxambaane yi ñëw, fekk mu dee. Ñu yóbbu
ko, te suul ko ci wetu jëkkëram. [11] Noonu tiitange bu mag daldi jàpp
mbooloo ñi gëm ak ñépp ñi yég xew-xew boobu.

### Ndaw yi wéral nañu ay nit ñu bari

[12] Yàlla doon na def ay màndarga ak ay yëf yu yéeme ci biir askan
bi, jaarale ko ci loxoy ndaw yi, te ñi gëm ñépp dañu doon daje ci
Perongu Suleymaan. [13] Keneen ñemewula booloo ak ñoom waaye
askan bi dañu leen doon tagg. [14] Ñu bari dañu doon yokku ci ñi gëm
ci Boroom bi, góor ak jigéen. [15] Nit ñi tàmbalee andi ñi feebaroon ci
yoon yi, di leen tëral ci ay lal yu ndaw ak ay basaŋ ngir bu Piyeer di
romb takkandeeram mën leena muur. [16] Ay nit ñu bari jóge woon
nañu ci dëkk yi wër Yerusalem, te ñu andi ñi feebaroon ak ñi rab
jàpp te ñépp dañu doon wér.

### Njiiti Yawut yi ñu ngi fitnaal ndaw yi

[17] Gannaaw loolu, jébbalkatu-sarax-bu-mag bi ak ñi mu àndal
maanaam tarixa Sadusen yi fees nañu ak iñaan jëmale ko ci ndaw

yi. [18] Ñu daldi leen jàpp te tëj leen ci kaso bi. [19] Waaye ci guddi, benn
malaaka Boroom bi daldi ñëw, ubbi buntu kaso bi, génne leen, te ne
leen: [20] «Demleen, taxaw ci ëttu kër-Yàlla gi te yégal nit ñi lépp lu
jëm ci dund bu bees bi.» [21] Gannaaw bi ñu déggee loolu, bi bët setee,
ñu dugg ci ëttu kër-Yàlla gi di jàngale.

Bi jébbalkatu-sarax-bu-mag bi ak ñi mu àndal yegsee, ñu woolu
kurélu àttekat yi maanaam njiiti Israyil yépp, te ñu yónni ay nit
ngir ñu jëli ndaw yi ci kaso bi, andi leen. [22] Bi ñooñu yegsee,
fekkuñu leen ci kaso bi. Ñu daldi dellu te nettali leen [23] di wax ne:
«Dañoo fekk kaso bi ñu tëj ko bu baax, te soldaar yi taxaw woon
nañu ci bunt bi. Waaye ba nu ko ubbee, fekkunu kenn ci biir.» [24] Ba
ñu déggee kàddu yooyu, njiitu garjen kër-Yàlla gi ak njiiti-
jébbalkatu-sarax yi daldi jaaxle di xalaat ci li wara xew. [25] Mu am ku
ñëw te ne leen: «Xoolleen! Nit ñi ngeen tëjoon ci kaso bi, ñu ngi
taxaw ci ëttu kër-Yàlla gi di jàngal mbooloo mi.» [26] Noonu garjen yi
ak seen njiit daldi dem jëli leen, waaye jaayuñu leen doole ndaxte
dañoo ragaloon nit ñi sànni leen ay xeer.

[27] Bi ñu leen andee, ñu taxawal leen ci kanamu kurélu àttekat yi,
te jébbalkatu-sarax-bu-mag bi laaj leen ne: [28] «Xanaa terewunu leen
woon ngeen di jàngale ci tur boobu? Te yeena ngi nii, feesal
Yerusalem ak seen njàngale, te ngeen di jéema xëpp ci sunu kaw
deretu nit kooku.»

[29] Piyeer ak yeneen ndaw yi tontu leen ne: «Déggal Yàlla moo gën
déggal ay nit. [30] Yàllay sunu maam moom moo dekkil Yeesu bi
ngeen rey ci bi ngeen ko daajee ci bant. [31] Moom la Yàlla yékkëti ba
ci ndeyjooram ni buur ak musalkat ngir may Israyil ñu mëna tuub
seeni bàkkaar te mu baal leen. [32] Ay seede lanu ci mbir yooyu, nun
ak Xel mu Sell mi Yàlla may ñi ko déggal.»

[33] Bi àttekat yi déggee kàddu yooyu ñu daldi mer lool ba bëgg

leena rey. 34 Waaye mu am ku bokk ci tarixa Farisen bu ñuy wax
Gamalyel. Mu nekkoon jàngalekatu-yoonu-Musaa te mbooloo mi
joxoon ko cér. Mu jóg ci ëttu àttekaay bi te santaane ñu génne
ndaw yi ab diir. 35 Noonu mu wax leen ne: «Yeen góoru Israyil yi,
moytuleen ak ni ngeen nara jëfe ak nit ñii. 36 Fàttalikuleen ne ci bu
yàggul dara amoon na benn waay bu tuddoon Tëdas. Mu jógoon di
jàppe boppam nit ku mag te yóbbaale lu tollook ñeenti téeméeri
nit, waaye ñu rey ko te ñi mu àndaloon ñépp ñu daldi tasaaroo ba
seen pexe mujjewul fenn. 37 Gannaaw moom Yudaa mu Galile jóg ci
jamono bi ñu doon waññ waa réew mi. Mu yóbbaale woon ay nit ñu
bari. Moom itam, ñu reyoon ko, te ñi ko toppoon ñépp dañoo
tasaaroo. 38 Léegi nag maa ngi leen koy wax génnleen ci seen mbir
te bàyyi leen ñu dem. Bu fekkee seen mébét walla seen liggéey ci
nit la jóge, dina yàqu. 39 Waaye bu fekkee ci Yàlla la jóge, yeen
mënuleen ko yàq. Moytuleen di xeex coobare Yàlla.»
Kurélu àttekat yi àndoon nañu ci li mu doon wax. 40 Noonu ñu woo
ndaw yi, dóor leen ay yar te tere leen ñu wax ci turu Yeesu.
Gannaaw loolu ñu bàyyi leen ñu dem. 41 Ndaw yi daldi jóge ci ëttu
àttekaay bi, ànd ak mbégte ci li leen Yàlla àtte ñu yelloo metit ndax
turu Yeesu. 42 Te bés bu nekk ci kër-Yàlla gi ak ci kër yi dañu doon
wéy di jàngale te di yégle xibaar bu baax bi, ne Yeesu mooy Almasi
bi.

# 6

### Tànn nañu juróom ñaari waay ngir ñu dimbali ndaw yi

1 Ci bés yooyu limu taalibe yi di gën di yokku te Yawut yiy làkk
gereg ñooy ñaxtu ci Yawut yiy làkk seen làkku bopp ndaxte dañu
doon sàggane seeni jigéen yi ñàkk seen jëkkër ci séddale dund bi
ñuy def bés bu nekk. 2 Noonu fukki ndaw yi ak ñaar dajale taalibe yi

yépp te ne leen: «Jekkul nun nu bàyyi liggéeyu kàddu Yàlla gi di
séddale ay lekk. 3 Kon nag mbokk yi tànnleen ci seen biir juróom
ñaari góor ñu fees ak Xel mu Sell mi ak xel yu rafet te ñi ñu seede
ñu jub. Nu sas leen liggéey boobu, 4 te noonu nun nu mëna takku ci
ñaan te di yégle kàddu Yàlla gi.» 5 Wax boobu neex mbooloo mi
yépp. Ñu tànn Eccen, nit ku fees ak ngëm ak Xel mu Sell mi, Filib,
Porokor, Nikanor, Timon, Parmenas, ak Nikolas, ku juddoo Ancos.
Bu jëkk mu nekkoon yéeféer waaye ñëw na ci ngëmu Yawut yi. 6 Ñu
andi leen ci kanamu ndaw yi ngir ñu ñaanal leen te teg leen loxo.
7 Noonu kàddu Yàlla gi law te limu taalibe yi di gën di yokku ci
Yerusalem, te jébbalkati-sarax yu bari daldi topp yoonu ngëm.

## Jàpp nañu Eccen

8 Eccen, fees ak yiw ak kàttan di def ay yëf yu yéeme ak ay
màndarga yu mag ci kanamu askan bi. 9 Noonu mu am ñu bokk ci
kër-ñaan bi ñu woowe ñi ñu goreel. Ñi jóge woon dëkku Siren ak
dëkku Alegsàndiri ak Yawut yu jóge woon diiwaanu Silisi ak
diiwaanu Asi, ñu tàmbalee di werante ak Eccen 10 waaye mënuñu
woona weddi xel bu rafet bi ko Xel mu Sell mi doon jox. 11 Noonu ñu
fey ay nit ngir ñuy wax ne: «Nun, dégg nanu nit kii di wax ay kàddu
yu ñaaw jëmale ko ci Musaa ak ci Yàlla.» 12 Ci seen wax jooju ñu
jógloo askan bi, mag ñi ak jàngalekatu-yoonu-Musaa yi te ñu jàpp
ko, yóbbu ko ci ëttu àttekaay bi. 13 Ñu andi ay nit ñuy seede lu dul
dëgg di wax ne: «Nit ki ngeen di gis, du noppi di wax ay kàddu yu
ñaaw jëmale ko ci kër-Yàlla gu sell gi ak ci yoonu Musaa bi,
14 ndaxte nun, dégg nanu ko, muy wax ne: "Yeesu mu Nasaret dina
yàq béréb bii te soppi aada yi nu Musaa joxoon."» 15 Ñépp ñu
toogoon ci ëttu àttekaay bi ne jàkk Eccen di ko xool, te ñu gis
kanamam mel ni bu malaaka.

# 7

### Kàddu Eccen yi ci kanamu kurélu àttekat yi

[1] Jébbalkatu-sarax-bu-mag bi laaj Eccen ne: «Mbir yi ñu wax ci
yaw, ndax dëgg la?» [2] Mu tontu ne: «Samay mbokk ak samay baay,
dégluleen ma. Yàlla ci màggaayam feeñu woon na sunu maam
Ibraayma bi mu nekkee woon ci réewu Mesopotami laata muy dem
dëkku Karan. [3] Waxoon na ko ne: "*Jógal sa réew te bàyyi sa mbokk yi te
nga dem ci réew mi ma lay won.*" [4] Ci noonu Ibraayma génn ci réewu
waa Kalde bi mu nekkoon, dem dëkku Karan. Gannaaw bi pàppaam
deewee, Yàlla génne ko dëkku Karan te yóbbu ko ci réewu Kanaan
bi ngeen dëkk léegi, [5] te Yàlla joxu ko woon benn moomeel ci réew
mi, du sax béréb bu muy teg tànkam. Waaye digoon na ko ne dina
ko jox réew mi, moom ak ñi soqikoo ci moom, moona jamono jooju
Ibraayma amagul woon doom. [6] Gannaaw loolu, Yàlla wax na ko lii:
"*Ñi soqeekoo ci yaw dinañu dem ci réew bu ñu moomul. Dinañu leen jàppe
ni jaam. Dinañu leen bunduxataal diirub ñeenti téeméeri at,* [7] *waaye man
Yàlla, maay àtte xeet bi leen teg jaam. Gannaaw loolu ñi soqeekoo ci yaw
dinañu fa génn te jaamu ma ci béréb bii.*" [8] Noonu, Yàlla fas kóllëre ak
Ibraayma ci màndarga xaraf. Ci noonu, Ibraayma bi mu amee
Isaaxa gannaaw juróom ñetti fan mu xarafal ko. Isaaxa def noonu
Yanqóoba, te Yanqóoba xarafal fukki doomam yi ak ñaar yi nekk
maami fukki giir ak ñaar yu Israyil yi.

[9] «Sunu maam yooyu iñaane Yuusufa seen doomu baay te ñu jaay
ko ngir ñu yóbbu ko Misra. Waaye Yàlla nekkoon na ak moom [10] te
yewwi woon na ko ci bépp metit. Yàlla may na ko xel mu rafet ci
kanamu Firawna, mi di buuru Misra, ba mu neex ko. Mu fal ko njiit
ci réewu Misra ak ci këram bépp. [11] Gannaaw loolu mu am xiif fépp
ci réewu Misra ak ci réewu Kanaan ak metit bu réy lool, te sunu

maam yi amuñu woon lu ñu lekk. 12 Bi Yanqóoba déggee ne ci réewu
Misra am na lekk, mu yebal fa doomam yi. Loolu moo nekk yoon bu
jëkk bi sunu maam yi demoon ci Misra. 13 Bi ñu delloo ñaareelu
yoon, Yuusufa def ba doomu baayam yi xàmme ko, te Firawna daldi
xam mbokki Yuusufa yi. 14 Gannaaw loolu Yuusufa yónnee ngir ñu
andi pàppaam mi di Yanqóoba ak mbokkam yépp. Ñu ngi tolloon ci
juróom ñaari fukki nit ak juróom. 15 Yanqóoba dem ci réewu Misra.
Mu dëkk fa ba mu dee fa. Sunu maam yi tamit dee foofu, 16 te ñu jël
seen néew yi, yóbbu leen ci Sisem, te denc leen ci bàmmeel bi
Ibraayma jëndoon ak xaalis ci doomu Amor ci Sisem.

17 «Bi jamono bi Yàlla waree matal digeem bi mu defoon ak
Ibraayma jegesee; askan bi di yokku di gën di law ci Misra. 18 Waaye
*benn Firawna bu bees falu te xamuloon Yuusufa.* 19 Buur boobu nax
sunu maam yi te di leen metital ngir ñu bàyyi seeni doom yu doora
juddu ba ñu dee. 20 Ci jamono jooju Musaa juddu. Mu doon xale bu
rafet ci kanamu Yàlla. Ñu toppatoo ko ñetti weer ci kër pàppaam.
21 Bi ko waajuram yi bàyyee, doomu Firawna bu jigéen jël ko te yar
ko ni doomam. 22 Ci noonu ñu jàngal Musaa ci xam-xamu Misra
yépp, te mu nekk nit bu am kàttan ci kàddu ak ci jëf.

23 «Bi Musaa amee ñeent fukki at, mu yég ci xolam dem ngir seeti
mbokkam yi, waa Israyil. 24 Mu génn gis benn waa ju Misra di
néewal doole kenn ci ñoom. Mu wallu ko te rey waa ju Misra gi ngir
feyyul ko. 25 Musaa xalaatoon na ne waa Israyil dinañu xam ne Yàlla
dina leen yewwi jaarale ko ci moom waaye xàmmewuñu ko. 26 Ci
ëllëg sa, mu gis ñaari Yawut di xeex ci seen biir. Mu bëgg leena
jubale. Mu ne leen: "Samay waay, ay mbokk ngeen. Lu tax ngeen di
xeex ci seen biir?" 27 Waaye ki doon néewal doole moroomam
bëmëx Musaa te wax ko ne: "*Kan moo la fal njiit walla àttekat ci sunu
biir?* 28 *Ndax danga ma bëgga rey ni nga reye woon waa ju Misra bi*

*démb?*" [29] Bi Musaa déggee wax yooyu mu daldi daw, dem dëkk ci
réew Majan. Mu am fa ñaari doom.
[30] «Gannaaw ñeent fukki at benn malaaka feeñu Musaa ci màndiŋu
tundu Sinayi ci benn safara suy tàkk ci benn garab. [31] Mu jaaxle ci
gis-gis bi. Ni mu gën di jegesee mu dégg baatu Boroom bi wax ko
ne: [32] "*Man maay Yàlla say maam: Yàllay Ibraayma ak Isaaxa ak
Yanqóoba.*" Musaa tiit bay lox te ñemeetul woon xool. [33] Boroom bi
wax ko ne: "*Simmil say dàll ndaxte béréb bi nga taxaw béréb bu sell la.
[34] Gis naa bu wér coono bi sama xeet bi di daj ci réewu Misra. Dégg naa
seeni yuuxu, te wàcc naa ngir yewwi leen. Léegi nag maa ngi lay yónni ci
réewu Misra.*"
[35] «Musaa moomu Yawut yi weddi woon te waxoon ko ne: "*Kan
moo la fal njiit walla àttekat ci sunu biir?*" Moom la Yàlla yónni ni njiit
ak yewwikat, ci ndimbalu malaaka mu ko feeñu woon ci biir safara
suy tàkk ci garab bi. [36] Te itam moo génne askan bi ci réewu Misra
te def ay yëf yu yéeme ak ay màndarga ci réewu Misra, ci bi ñuy jàll
ci géej bu xonq gi, ak ci màndiŋ bi ci diirub ñeent fukki at. [37] Musaa
moomu moo wax waa Israyil ne: "*Yàlla dina leen feeñalal benn yonent
ni man bu bokk ci yeen.*" [38] Bi ñu dajaloo ci màndiŋ bi, moo nekkoon
ak sunu maam yi te nekkoon itam ak malaaka mi ko waxoon ci
tundu Sinayi. Jotoon na kàddu Yàlla yiy joxe dund ngir jottali nu
ko. [39] Sunuy maam yi bëgguñu ko woona déggal. Ñu bàyyi ko, seen
xel dellu ci Misra. [40] Te noonu ñu wax Aaróona ne: "*Defal nu ay yàlla,
yuy dox ci sunu kanam ndaxte Musaa mi nu jiite woon bi nu génnee woon
ci Misra, xamatunu lu ko dal.*" [41] Ci bés yooyu, ñu tëgg benn sëllu def
ko seen yàlla, jébbal benn sarax xërëm bi, di bànneexu ci li seen
loxo defar. [42] Noonu Yàlla sori leen, mu bàyyi leen ñuy jaamu
biddéew asamaan ni ñu ko binde woon ci téere yonent yi, ne:

*"Yeen waa Israyil, ndax man ngeen doon sàkkal ay may ak ay sarax*

*ci diirub ñeent fukki at ci màndiŋ bi?*
43 *Déedéet, yeena doon yóbbaale mbaaru màggalukaayu Molog*
*ak biddéewu seen yàlla Refan*
*di nataal yi ngeen defaroon ngir jaamu leen.*
*Kon nag man maa leen di yóbbu ci réewu Babilon."»*
44 Eccen teg ca ne: «Ci jamono bi sunu maam yi nekkee ci màndiŋ
mi, mbaar mi doon seede kóllëre gi Yàlla fas nekkoon na ak ñoom.
Mbaar moomu, Yàlla waxoon Musaa mu defar ko ni ko Yàlla sante
woon. 45 Te mbaar moomu sunu maam yi ak ñi soqikoo woon ci
ñoom jot nañu ko. Ñu yóbbaale mbaar mi, ñoom ak Yosuwe, bi ñu
nangoo réew mii, te Yàlla dàqoon xeet yi ci seen kanam. Mbaar mi
des fa ba ci jamono Daawuda. 46 Te Daawuda am yiw ci kanamu
Yàlla te ñaan ko ngir mu defar benn dëkkuwaay ngir Yàllay
Yanqóoba. 47 Suleymaan nag, moo mujje tabax kër-Yàlla gi. 48 Waaye
Yàlla Aji-Kawe ji du dëkk ci kër yu loxoy nit tabax, ni ko yonent bi
waxe, ne:
49 *"Asamaan mooy sama baŋu nguur*
*te suuf si mooy fi may teg samay tànk."*
*Loolu la Boroom bi wax.*
*"Ban kër ngeen ma mëna defaral,*
*ak ban béréb laa mëna noppalu?*
50 *Ndax du sama loxo moo sàkk mbir yi yépp?"»*
51 Eccen teg ca ne: «Yeen nit ñu dëgër bopp ñi, te seen xol yi ak
seen nopp yi baña dégg dëgg. Dangeen di diiroo ak Xel mu Sell mi
saa su nekk. Yeena ngi niroo seeni maam yi. 52 Kan ci yonent yi la
seen maam yi fitnaalul? Rey nañu ñu doon yégle ñëwu Ku Jub ki, te
yeen léegi jébbale ngeen Ku Jub kooku, ba rey ko. 53 Waaw, jot
ngeen yoon bi Yàlla joxe woon jaarale ko ci malaaka yi, waaye
déggalooleen ko.»

### Rey nañu Eccen te tàmbali nañu fitnaal mbooloo ñi gëm

[54] Bi ñu déggee kàddu Eccen yooyu, ñi nekkoon ci kurélu àttekaay
bi mer lool ba seen xol yi di lakk, te ñuy yéy seeni bëñ. [55] Waaye
Eccen, fees ak Xel mu Sell mi, yékkëti bëtam yi ne jàkk asamaan, gis
màggaayu Yàlla ak Yeesu taxaw ci ndeyjooru Yàlla. [56] Mu ne leen:
«Dégluleen! Gis naa asamaan si ubbeeku te Doomu nit ki taxaw ci
ndeyjooru Yàlla.» [57] Ci kaw loolu ñu yuuxu ak baat bu kawe, fatt
seen nopp yi te ñoom ñépp dal ci kawam. [58] Ñu diri ko ba génn ak
moom ci dëkk bi, te tàmbali di ko sànni xeer ngir rey ko. Seede yi
tegoon nañu seen yére yi ci tànku waxambaane bi ñu woowe Sóol.
[59] Ci waxtu bi ñu koy sànni xeer, Eccen woote naan: «Boroom bi
Yeesu, nangul sama ruu.» [60] Mu sukk óomam yi ci suuf te yuuxu ak
baat bu kawe ne: «Boroom bi, bu leen toppe bàkkaar bii.» Gannaaw
bi mu waxee kàddu yooyu, mu daldi dee.

## 8

[1] Sóol moom àndoon na ak ñi rey Eccen. Dale ko ci bés boobu, ñu
tàmbali di fitnaal bu metti mbooloom ñi gëm Almasi bi te nekk
Yerusalem ba tax ñépp ñi gëmoon di tasaaroo, dem ci diiwaanu
Yude ak diiwaanu Samari, ba mu des ndaw yi. [2] Ay nit ñu takku ci
Yàlla rob Eccen, jooy ko lool. [3] Waaye Sóol moom doon na tas
mbooloom ñi gëm, di dem kër ak kër jàpp ñi gëmoon, góor ak
jigéen, te tëj leen ci kaso bi.

### Filib yégle na xibaar bu baax bi ca Samari

[4] Ñi tasaaroo ñu ngi doon dem yégle xibaar bu baax bi fu nekk fu
ñu doon jaar. [5] Noonu Filib dem ci benn dëkk ci diiwaanu Samari di
fa yégle Almasi bi. [6] Bi ko mbooloo mi déggee te gis màndarga yi mu
doon def ñoom ñépp ñu doon bàyyi xel ci li mu doon wax. [7] Rab yu
bon yu bari di génn ci nit ñi, di yuuxu. Mu wéral ay lafañ yu bari ak

ay làggi yu bari. [8] Ci dëkk boobu mbégte mu réy daldi am.
[9] Amoon na benn waay bu tudd Simoŋ. Luxuskat la woon bu fa
yàgg. Waa Samari yépp yéemu woon nañu ci li mu doon def. Mu ngi
doon teg boppam ku am solo. [10] Ba tax ñu bari, mag ak ndaw, di
bàyyi xel ci moom. Ñu ngi doon wax ci moom ne: «Kii mooy kàttan
bu ñuy wax Kàttan bu mag bi.» [11] Ñu koy déglu bu baax ndaxte yàgg
na mu leen di yéem ci mbirum luxus. [12] Waaye bi ñu gëmee Filib mi
doon yégle xibaar bu baax bi ci Yeesu Almasi bi ak ci lu jëm ci
nguuru Yàlla gi, góor ak jigéen, ñu nangu ñu sóob leen ci ndox.
[13] Simoŋ ci boppam gëm na te nangu ñu sóob ko. Mu doon topp Filib
fu nekk te muy yéemu bi mu gisee màndarga ak kéemaan yu mag yi
doon xew.
[14] Ndaw yi nekkoon Yerusalem dégg nañu ne waa Samari nangu
nañu kàddug Yàlla gi. Noonu ñu yónni fa Piyeer ak Yowaana. [15] Bi
ñu yegsee Samari ñu ñaanal leen ngir ñu jot Xel mu Sell mi,
[16] ndaxte Xel mu Sell mi wàccagul woon ci kaw kenn ci ñoom,
waaye dañu leen sóoboon ci ndox rekk ci turu Boroom bi Yeesu.
[17] Noonu Piyeer ak Yowaana teg leen loxo te ñu jot Xel mu Sell mi.
[18] Bi Simoŋ gisee ne Yàlla maye na Xel mu Sell mi ci bi ndaw yi
tegee loxo nit ñi, mu indil leen xaalis [19] te wax leen ne: «Jayleen ma
itam sañ-sañ bii, ngir ku ma teg loxo nga mëna jot Xel mu Sell mi.»
[20] Waaye Piyeer ne ko: «Na nga sànku, yaw ak sa xaalis, ndaxte
danga foog ne mayum Yàlla bi, mën nañu ko jënde xaalis, [21] te yaw
amoo wàll, amoo cér ci mbir mii ndaxte sa xol dafa jubul ci kanamu
Yàlla. [22] Kon nag, tuubal te nga bàyyi sa coxorte te nga ñaan
Boroom bi ngir mu baal sa xel bu bon, su mënee nekk, [23] ndaxte
maa ngi gis nga fees ak iñaan te bàkkaar da laa tëj.» [24] Simoŋ tontu
ko ne: «Yeen ci seen bopp ñaanalleen ma Boroom bi, ngir dara ci li
ngeen wax bañ maa dal.»

[25] Bi Piyeer ak Yowaana seedee kàddu Boroom bi ba noppi ñu daldi
dellu Yerusalem. Ci yoon bi, ñu yégle xibaar bu baax bi ci dëkk yu
bari ci diiwaanu Samari.

### Filib yégle na Xibaar bu baax bi Jaraaf bu dëkk Ecópi

[26] Benn bés benn malaaka wu Boroom bi ne Filib: «Jógal, te nga jël
yoon bi jëm sudd jóge Yerusalem, jëm Gasa ci màndiŋ ba.» [27] Mu
daldi jóg te dem. Amoon na benn jaraaf bu doon liggéeyal Kandas,
buur bu jigéen bu Ecópi, di saytu alalam bépp. Nit kooku ñëwoon
na Yerusalem ngir màggal Boroom bi. [28] Bi muy dellu Ecópi nag mu
nekkoon ci watiiram di jàng téere yonent Yàlla Esayi. [29] Xel mi ne
Filib: «Demal, dabi watiir bee.» [30] Filib dawsi, dégg waa ji jóge woon
Ecópi mu doon jàng téere Esayi. Mu ne ko: «Ndax xam nga dara ci li
ngay jàng?» [31] Mu tontu ko: «Naka laa koy xame bu fekkee awma
kenn ku ma gindi?» Mu woo Filib ngir mu yéeg, toog ci wetam.
[32] Booba, aaya yi mu doon jàng ci Mbind mi, lii lay wax:

*«Mu mel ni xar bu ñu yóbbu ngir rendi ko,*
*moom, ubbiwul gémmiñam,*
*mel ni mbote bu muuma ci kanamu ki koy wat.*
[33] *Dañu ko toroxal te joxuñu ko dëgg.*
*Jële nañu bakkanam ci àddina,*
*kon kan mooy mëna wax ci ay sëtam?»*

[34] Jaraaf bi ne Filib: «Maa ngi laay ñaan, ci mbiru kan la yonent bi
doon wax, boppam la doon waxal walla keneen?» [35] Noonu Filib jël
kàddu gi, tàmbalee ci aaya yooyu, xamal ko xibaar bu baax bi jëm ci
Yeesu.

[36] Ni ñuy wéye di dem, ñu gis ndox. Jaraaf bi ne ko: «Ndox a ngi nii.
Lan moo ma tere, nga sóob ma ci?» [37] Filib ne ko: «Boo gëmee ci sa
xol bépp loolu mën na nekk.» Jaraaf bi tontu ko: «Gëm naa ne
Yeesu Almasi bi mooy Doomu Yàlla ji.» [38] Noonu mu taxawal watiir

bi. Filib ak jaraaf bi wàcc ñoom ñaar ñépp ci biir ndox mi te Filib
sóob ko ci ndox mi.
[39] Ba mu génnee ci ndox mi Xelu Boroom bi génne fa Filib. Jaraaf
bi gisaatu ko waaye mu jëlaat yoonam, ànd ak mbégte. [40] Filib
moom, gis boppam ci dëkku Asot, jaaroon ci dëkk ak dëkk di yégle
xibaar bu baax bi, ba ba muy yegg dëkku Sesare.

# 9

## Tuubum Sóol

[1] Ci jamono jooju, Sóol wéy di wuta rey taalibe Boroom bi. Mu dem
ci jébbalkatu-sarax-bu-mag bi, [2] laaj ko ay bataaxal ngir mu dem ci
kër-ñaan yi nekk ci dëkku Damaas ngir bu fa fekkee ñi doon topp
yoonu Boroom bi góor ak jigéen mu jàpp leen, andi leen Yerusalem.
[3] Bi muy nekk ci yoon, di jege dëkku Damaas ci saa si benn leer buy
melax jóge asamaan, wër ko. [4] Mu daanu ci suuf. Mu dégg benn baat
bu ko ne: «Sóol, Sóol, lan moo tax nga may fitnaal?» [5] Mu tontu ko
ne: «Yaw la kan, Boroom bi?» Baat bi tontu ko ne: «Man la Yeesu mi
ngay fitnaal. [6] Waaye léegi, jógal nga dugg ci dëkk bi, te dinañu la
wax li nga wara def.» [7] Ci waxtu boobu fekk na ñi mu àndaloon ci
tukki bi taxaw, tiit ba mënuñu wax ndaxte ñu ngi doon dégg baat bi
waaye gisuñu kenn. [8] Sóol jóg ci suuf si, taxaw. Bët yi ubbeeku woon
nañu, waaye mënul woona gis. Ñu jàpp ko ci loxo, yóbbu ko ci
dëkku Damaas. [9] Mu des fa diirub ñetti fan, bëtam yi gisul, te lekkul
dara, naanul dara.
[10] Ci dëkku Damaas amoon na benn taalibe Yeesu bu tudd Anañas.
Boroom bi feeñu ko ci gis-gis, ne ko: «Anañas.» Mu tontu ko ne:
«Maa ngi nii, Boroom bi.» [11] Boroom bi ne ko: «Jógal te nga dem ci
mbedd bu ñu tudde Mbedd bu Jub bi, ci kër Yudaa, te nga seet fa
benn waay bu tudd Sóol, bu jóge Tàrs, ndaxte mu ngi fa di ñaan.

[12] Ci benn gis-gis mu gis benn waay bu tudd Anañas duggsi, teg ko
loxo ngir mu gisaat.» [13] Anañas tontu ko ne: «Boroom bi, dégg naa
nit ñu bari di seede lu ñaaw li mu doon def ñi nga moom ci
Yerusalem. [14] Mu ngi fii te jot na sañ-sañ bu jóge ci jébbalkatu-
sarax-bu-mag bi ngir mu jàpp képp kuy woo sa tur.» [15] Waaye
Boroom bi ne ko: «Demal, ndaxte waa jooju moom laa tànn ni
jumtukaay ngir mu xamal sama tur xeeti àddina yi ak seeni buur,
ak askanu Israyil. [16] Man ci sama bopp dinaa ko won lépp li mu wara
daj ngir sama tur.» [17] Anañas daldi dem, dugg ca kër ga. Mu teg ko
loxo, ne ko: «Sóol sama mbokk, Boroom bi Yeesu mi la feeñu ci
yoon bi nga jëloon, moo ma yónni ngir nga gisaat te nga fees ak Xel
mu Sell mi.» [18] Ci saa si lu mel ni ay waasintóor génne ci bëtam yi,
daanu, te mu gisaat. Ci noonu mu jóg te ñu sóob ko ci ndox.
[19] Gannaaw loolu, mu lekk ba amaat doole.

Sóol daldi des ak taalibe Yeesu yi nekkoon dëkku Damaas ay fan.
[20] Ci saa si mu tàmbali di yégle ci kër-ñaan yi ne Yeesu mooy Doomu
Yàlla ji. [21] Ñépp ñi ko doon déglu waaru tey wax ne: «Waaw! Du ki
moo doon fitnaal ñiy woo turu Yeesu ci Yerusalem? Te moo ñëw ba
fii ngir jàpp leen te yóbbu leen ci njiiti-jébbalkati-sarax yi.»
[22] Waaye Sóol gëna am kàttan ba jaaxal Yawut yi nekk ci dëkku
Damaas. Muy wone ne Yeesu mooy Almasi bi.

### Sóol dem na Yerusalem

[23] Sóol teg ci ay fani fan. Yawut yi di gise ci seen biir ngir rey ko.
[24] Guddi ak bëccëg ñu ngi doon saytu buntu dëkk bi ngir mën koo
rey, waaye Sóol yég seen pexe. [25] Benn guddi, taalibeem yi dugal ko
ci dàmba, wàcce ko ci gannaaw miir bi wër dëkk bi.

[26] Bi mu yegsee Yerusalem, mu wuta bokk ci taalibe yi waaye ñépp
dañu koo ragaloon ndaxte gëmuñu woon ne taalibe dëgg la.
[27] Barnabas jël ko, andi ko ci ndaw yi, nettali leen naka la Sóol gise

Boroom bi ci yoonu Damaas te Boroom bi wax ak moom. Mu
nettaliwaat leen naka la Sóol doon waaree ci turu Yeesu ak kóolute
ci Damaas. 28 Dale ko ci bés boobu, Sóol mu ngi ànd ak ñoom di dem
ak di ñëw ci biir Yerusalem di wax ak kóolute ci turu Boroom bi.
29 Mu ngi doon waxtaan ak di werante ak Yawut yiy làkk gereg,
waaye ñu ngi ko doon fexee rey. 30 Bi mbokki gëmkat yi yégee loolu,
ñu yóbbu Sóol dëkku Sesare. Foofu, ñu jàllale ko ci dëkku Tàrs.
31 Ci jamono jooju mbooloo ñi gëm ci diiwaanu Yude, diiwaanu
Galile, ak diiwaanu Samari yépp ñu ngi woon ci jàmm te gëna dëgër
ci seen ngëm. Ñuy dox ci ragalu Boroom bi te di yokku ci ndimbalu
Xel mu Sell mi.

## Piyeer ci dëkku Lidd

32 Booba Piyeer doon tukki fu nekk. Mu yegg ba dëkku Lidd ngir
seeti ñi Boroom bi moom. 33 Mu fekk fa benn waay bu tudd Ene bu
tëdd ci lalam lu tollu ci juróom ñetti at ndaxte dafa amoon feebaru
làggi. 34 Piyeer ne ko: «Ene, Yeesu Almasi bi wéral na la. Jógal, nga
defaraat sa lal.» Ci saa si mu jóg. 35 Ñépp ñi dëkk Lidd ak diiwaanu
Saron, bi ñu gisee loolu, ñu daldi woññeeku ci Boroom bi.

## Piyeer ci dëkku Yope

36 Ci dëkku Yope amoon na benn taalibe bu jigéen bu tuddoon
Tabita. Tur woowu ci làkku Gereg mooy Dorkas. Dafa dëkkoon di
def lu baax te di dimbali néew di doole yi. 37 Ca bés yooyu mu daanu
feebar te dee. Ñu sang ko te yóbbu ko ci néeg bi féete ci kaw kër gi.
38 Taalibe yi déggoon nañu ne Piyeer mu ngi woon Lidd te Lidd
soriwuloon Yope. Noonu ñu yónnee ñaari waay ci moom ngir ñu ne
ko: «Nu ngi lay ñaan nga gaawantu ñëw ci nun.» 39 Noonu Piyeer jóg
ànd ak ñoom. Bi ñu yegsee ñu yóbbu ko ci néeg bi féete ci kaw, fekk
jigéen ñi ñàkk seen jëkkër yépp jegesi Piyeer di jooy te won ko

mbubb yi ak yeneen yére yi Tabita daan defar ci jamono bi mu
nekkee woon ak ñoom. [40] Piyeer daldi génne ñépp te sukk di ñaan.
Gannaaw bi mu ñaanee ba noppi mu walbatiku ci néew bi te ne ko:
«Tabita, jógal.» Tabita daldi ubbi ay bëtam, gis Piyeer, te daldi toog.
[41] Te Piyeer jàpp loxoom ngir dimbali ko mu jóg. Mu woo ñi Boroom
bi moom ak jigéen ñi ñàkkoon seen jëkkër, won leen ko muy dund.
[42] Xibaar boobu siiw ci dëkku Yope te mbooloo mu bari gëm ci
Boroom bi. [43] Gannaaw loolu Piyeer des ci Yope ay fan ci kër benn
waay bu tudd Simoŋ. Moom uude la woon.

## 10

### Xibaar bu baax bi laal na ñi dul Yawut

[1] Ci dëkku Sesare amoon na benn waay bu tudd Korney. Njiitu
soldaaru Room la woon te moo doon jiite mbooloo bi ñu woowe
xarekati Itali. [2] Moom ak waa këram takku woon nañu ci Yàlla te
ragaloon ko. Mu doon dimbali néew di doole yi ci biir askanu
Yawut yi te farlu woon na ci ñaan. [3] Benn bés ci booru ñetti waxtu
ci ngoon, ci benn gis-gis benn malaaka Yàlla feeñu ko, dugg këram
te ne ko: «Korney!» [4] Mu xool malaaka bi. Mu tiit lool te mu laaj ko
ne: «Lan moo xew, kilifa gi?» Malaaka bi tontu ko ne: «Yàlla nangul
na la say ñaan te gis na ni nga doon dimbalee néew di doole yi.
[5] Léegi nag yónnil ay nit ci Yope ñu woo benn waay bu tudd Simoŋ
te ñu koy woowe Piyeer, ngir mu ñëw. [6] Mu ngi dal ci kër beneen
Simoŋ di uude te këram nekk ci wetu géej gi.» [7] Bi malaaka bi
demee, Korney woo ñaar ci ay surgaam ak benn soldaar bu bokk ci
ñi mu jiite woon te takku woon ci Yàlla. [8] Gannaaw bi mu leen
nettalee lépp li xewoon, mu yónni leen ci Yope.

[9] Ci ëllëg sa, bi ñuy wéy di dem ci yoon bi ba jubsi Yope, Piyeer
yéeg ci kaw kër gi di ñaan. Boobu diggu bëccëg moo jotoon. [10] Xiif

dab ko te mu bëggoona lekk, waaye bi ñu koy toggal mu am benn
gis-gis. 11 Mu gis asamaan si ubbeeku, te lu mel ni sër bu mag wàcce
ci asamaan te jëm ci suuf, ñu téye ko ci ñeenti laf yi. 12 Mu amoon ay
mala yu am ñeenti tànk ak yuy raam ak picci asamaan si. 13 Noonu
mu am baat bu ko ne: «Jógal, Piyeer! Reyal te nga lekk.» 14 Piyeer
ne: «Mukk Boroom bi, ndaxte mësuma lekk lu daganul maanaam lu
setul.» 15 Waaye baat bi waxaat ko ne: «Lu Yàlla setal, du yaw yaa ko
wara wax setul.» 16 Gannaaw bi loolu amaatee ba mu doon ñetti
yoon, ci saa si sër bu mag bi dellu asamaan. 17 Bi loolu amee Piyeer
jaaxle ci li gis-gis boobu wara tekki.

Fekk na ñi Korney yebaloon laajte woon nañu kër Simoŋ, ba yegsi
ci bunt bi. 18 Ñuy woote ngir xam ndax Simoŋ mi ñuy woowe Piyeer
foofu la dal. 19 Ci jamono boobu Piyeer mu ngi doon xalaat ci gis-gis
bi mu amoon. Xel mu Sell mi ne ko: «Am na ñetti nit ñi lay seet.
20 Jógal te nga wàcc te nga ànd ak ñoom te bu ci am benn xel ñaar
ndaxte man maa leen yónni.» 21 Piyeer daldi wàcc ci nit ñi, ne leen:
«Maa ngi nii. Man maay ki ngeen di seet. Lan moo waral seen tànk
yi?» 22 Ñu ne: «Ki ñuy wax Korney, njiitu soldaar, moo nu yónni.
Nekk na nit ku jub te ragal Yàlla, ki nga xam ne askanu Yawut yi
yépp ñu ngi koy seedeel ay jëf yu baax. Dafa am benn malaaka bu
sell bu ko feeñu te ne ko mu woolu la ngir mu déglu li nga koy
wax.» 23 Piyeer dugal leen ci kër gi, dalal leen. Ci ëllëg sa mu daldi
ànd ak ñoom ak ñenn ci mbokki gëmkat yi nekk Yope.

24 Ci gannaaw ëllëg sa ñu yegsi Sesare. Fekk Korney doon ko xaar
ak ay mbokkam ak xaritam yi mu woo woon. 25 Bi Piyeer di duggsi,
Korney gatandu ko, daanu ci ay tànkam, sukk ci kanamam. 26 Waaye
Piyeer yékkëti ko te ne: «Jógal, ndaxte man itam, nit kese laa.»
27 Piyeer ànd ak moom, ñuy waxtaan, ñu dugg ci kër gi. Piyeer fekk
fa nit ñu bari ñu fa dajaloo. 28 Mu ne leen: «Xam ngeen bu baax ne

aaye nañu doomu Yawut muy bokk dara ak ku dul Yawut walla sax
muy dugg këram. Waaye Yàlla won na ma ne waruma wax ne kenn
daganul mbaa setul. 29 Loolu moo tax awma benn jafe-jafe ci bi
ngeen ma woowe ma ñëw. Léegi nag bëggoon naa xam li tax ngeen
woo ma fii.»
30 Korney tontu ko ne: «Ñetti fan ci gannaaw ci waxtu bii tembe,
maanaam ci ñetteelu waxtu ci ngoon, maa ngi woon ci sama kër di
ñaan. Ci saa si ma gis ku sol lu weex. 31 Mu ne ma: "Korney, Yàlla
nangu na say ñaan ak ni nga doon dimbalee néew di doole yi.
32 Léegi nag, yónneel ci Yope ci benn waay bu tudd Simoŋ te ñu koy
woowe Piyeer. Mu ngi dal ci kër beneen Simoŋ di uude, te këram
nekk ci wetu géej gi." 33 Noonu ci saa si, ma daldi yónnee ci yaw, te
maa ngi lay sant ci li nga ma wuyusi. Léegi nag, nun ñépp, nu ngi fi
ci kanamu Yàlla ngir déglu lépp li la Boroom bi sant ngir nga wax
nu ko.»
34 Noonu Piyeer jël kàddu gi te ne leen: «Ci dëgg, léegi xam naa ne
Yàlla du gënatle nit ñi. 35 Waaye ku neex Yàlla mooy ki ko ragal tey
def lu jub ak ci xeet boo mëna bokk. 36 Yónnee na waa Israyil
kàddoom te yégal leen xibaaru jàmm ji, jaarale ko ci Yeesu Almasi
bi di Boroomu ñépp. 37 Xam ngeen li xewoon ci diiwaanu Galile bu
jëkk, ak ci réewu Yawut yi yépp, gannaaw bi Yaxya doon waare tey
sóob nit ñi ci ndox. 38 Xam ngeen naka la Yàlla sole Yeesu mu
Nasaret kàttanu Xel mu Sell mi, te muy wër réew mi yépp di def lu
baax te di wéral ñépp ñi Seytaane tënk, ndaxte Yàlla àndoon na ak
moom. 39 Te nun, seede nanu lépp li mu doon def ci réewu Yawut yi
ba ci Yerusalem. Ñu rey ko, daaj ko ci bant. 40 Yàlla dekkil ko ci
ñetteelu fan bi te may ko mu mëna feeñal boppam. 41 Feeñuwul ci
ñépp ci askan bi waaye ci seede yu jëkk yi Yàlla tànnoon maanaam
nun. Gannaaw bi mu dekkee ci ñu dee ñi, lekkandoo nanu te

naanandoo ak moom. [42] Te Yeesu joxoon na nu ndigal ngir nu yégal
askan bi te seede ne moom la Yàlla tànn ngir mu àtte ñiy dund ak
ñi dee. [43] Moom la yonent yi yépp seedeel ne képp ku gëm ci moom
dinga jot mbaalum bàkkaar ci turam.»
[44] Bi Piyeer di wax loolu, Xel mu Sell mi daldi wàcc ci ñépp ñi doon
déglu kàddu gi. [45-46] Ñu tàmbali di wax yeneeni kàllaama te di
màggal Yàlla. Yawut yi gëmoon te àndoon ak Piyeer waaru woon
nañu ci li ñu gis Xel mu Sell mi wàcc tamit ci ñi nekkul Yawut.
Piyeer daldi ne: [47] «Ndax kenn mën na tere ñu sóob ci ndox nit ñii
jot Xel mu Sell mi ni nun?» [48] Gannaaw loolu mu sant leen ngir ñu
sóob leen ci ndox ci turu Yeesu Almasi bi. Te ñu ñaan Piyeer ngir
mu des ak ñoom ay fan.

# 11

## Piyeer leeral na naka la ñi dul Yawut gëme Yàlla

[1] Bi loolu amee ndaw yi ak mbokki gëmkat yi nekk ci diiwaanu
Yude dégg nañu ne ñu nekkul Yawut nangu nañu kàddug Yàlla. [2] Bi
Piyeer delloo Yerusalem, Yawut yi gëmoon te nekk foofu doon
nañu werante ak moom, [3] ne: «Dugg nga ci kër ñi xarafuwul bay
lekkandoo ak ñoom.» [4] Piyeer benn-bennal leen lépp li xewoon.
[5] Mu ne leen: «Benn bés, dama nekkoon ci dëkku Yope. Ci waxtu bi
ma doon ñaan, ma am benn gis-gis. Ma gis lu mel ni sër bu mag, ñu
téye ko ci ñeenti lafam yi, ñu wàcce ko ci asamaan ba ci man. [6] Bi
ma ko xoolee, ne ko jàkk gis naa mala suuf si, yi am ñeenti tànk, yiy
raam, ak picci asamaan si. [7] Benn baat daldi ma wax ne: "Jógal,
Piyeer! Reyal te nga lekk." [8] Noonu, ma ne: "Mukk Boroom bi,
ndaxte dara lu daganul maanaam lu setul mësula dugg ci sama
gémmiñ." [9] Waaye baat bi jóge asamaan waxaat ne: "Lu Yàlla setal,
du yaw yaa ko wara wax setul." [10] Noonu loolu amaat ba mu doon

ñetti yoon te lépp daldi dellu asamaan. 11 Ci waxtu boobu tembe,
mu am ñetti nit ñu yegsi ci buntu kër gi nu nekkoon. Ñu jóge woon
Sesare te ñu yónni woon leen ci man, 12 te Xel mu Sell mi ne ma:
"Demal, ànd ak ñoom te bu ci am benn xel ñaar." Juróom benni
mbokki gëmkat yii tamit daldi ànd ak man, nu dem dugg kër
Korney. 13 Mu daldi nu nettali lépp li xewoon këram, ni ko malaaka
bi feeñoo te wax ko ne: "Yónneel ci Yope te ñu andi Simoŋ mi ñuy
woowe Piyeer. 14 Moom, dina la xamal ay wax yu lay muccal, yaw ak
sa waa kër yi." 15 Bi ma tàmbalee wax nag, Xel mu Sell mi daldi wàcc
ci seen kaw, ni mu wàcce ci nun ci njàlbéen. 16 Ma daldi fàttaliku
kàddu Boroom bi wax ne: "Yaxya doon na sóob nit ñi ci ndox waaye
Yàlla dina leen sóob ci Xel mu Sell mi."» 17 Piyeer teg ca ne: «Yàlla
may na leen Xel mu Sell mi, ni mu nu ko maye woon bi nu gëmee
Yeesu Almasi bi sunu Boroom. Kon nag man maay kan bay tere
Yàlla muy def li ko neex?» 18 Gannaaw bi ñu déggee kàddu yooyu ñu
daldi dal te di màggal Yàlla di wax ne: «Kon nag, Yàlla may na ñi
dul Yawut ñu tuub ba am dund gu wóor gi.»

### Xibaar bu baax bi siiw na ca dëkku Ancos

19 Mbokki gëmkat yi tasaaroo nañu fépp ndax lu ñu leen doon
bunduxataal ci gannaaw deewu Eccen. Ñu dem ba ci diiwaanu
Fenisi, Sippar di réew mu ndox wër, ak dëkku Ancos, di fa yégle
kàddug Yàlla gi yemale ko ci Yawut yi kese. 20 Waaye nag amoon na
ci ñoom ñenn ñu jóge woon ca Sippar, ñii ca dëkku Siren. Bi ñu
yegsee ci Ancos ñu tàmbali di wax ak ñi dul Yawut tamit di leen
yégal xibaar bu baax bi ci Boroom bi Yeesu. 21 Boroom bi mu ngi
woon ak ñoom te nit ñu bari tuub te gëm ci Boroom bi. 22 Mbooloom
ñi gëm ci Yerusalem daldi yég li xew, te ñu yónni Barnabas ngir mu
dem Ancos. 23 Bi mu yegsee, mu gis yiwu Yàlla ci ñoom, mu daldi
ànd ak mbégte. Te noonu mu ñaax leen ngir ñu wéy di takku ci

Boroom bi ak seen xol bépp. [24] Moom nit ku baax la woon te fees ak
Xel mu Sell mi ak ngëm. Te noonu mbooloo mu takku ñëw,
dolleeku ci Boroom bi. [25] Barnabas daldi dem ca dëkku Tàrs ngir
seet Sóol. [26] Bi mu ko gisee, mu ànd ak moom Ancos. Ñoom ñaar ñu
ànd liggéey benn atum lëmm ci biir mbooloo ñi gëm te nekk Ancos,
di jàngal ñu bari. Ca Ancos lañu jëkka woowe taalibe yi Kercen,
maanaam gaayi Almasi bi.

### Taalibe Ancos yi yónnee nañu ndimbal taalibe Yude yi

[27] Ci bés yooyu amoon na ay yonent yu doon jóge Yerusalem, dem
Ancos. [28] Kenn ci ñoom ku tuddoon Agabus daldi taxaw te yégle ci
kàttanu Xel mu Sell mi ne xiif bu metti dina wàcc ci àddina si yépp.
Loolu amoon na ci jamono Sesaar Këlódd. [29] Noonu taalibe yi
nekkoon Ancos dogaloon nañu ne ñu boole seeni alal yi, ku nekk ak
li mu mëna joxe, ngir jàppale mbokki gëmkat yi nekkoon Yude.
[30] Noonu lañu def nag: ñu teg xaalis bi ci loxoy Barnabas ak Sóol,
yónnee ko njiiti mbooloo ñi gëm yi nekkoon Yerusalem.

## 12

### Rey nañu Saag te tëj Piyeer kaso

[1] Ci jamono jooju buur Erodd Àggripa tàmbali woon na fitnaal
ñenn ñi bokk ci mbooloom ñi gëm, [2] ba reylu ak jaasi Saag mi bokk
ak Yowaana ndey ak baay. [3] Bi mu gisee ne loolu neex na Yawut yi,
mu jàpplu Piyeer tamit. Fekkoon na bési màggalu mburu yu amul
lawiir yi. [4] Bi mu ko jàppee mu tëj ko ci kaso, te teg ko ci loxoy
ñeenti mbooloom soldaar ci bu nekk am ñeenti soldaar. Mu
bëggoon ko àtte ci kanamu askan bi gannaaw màggalu Paak. [5] Bi
Piyeer nekkee ci kaso bi, mbooloom ñi gëm di ko ñaanal ci Yàlla ak
seen xol bépp.

### Benn malaaka yewwi na Piyeer ca kaso ba

6 Ci guddi googu, bi Erodd wara àttee Piyeer ci ëllëg si, Piyeer doon
na nelaw ci diggante ñaari soldaar te ñu yeew ko ak ñaari ceen.
Amoon na ay garjen yu doon wottu buntu kaso bi. 7 Ci saa si benn
malaaka Boroom bi ñëw. Ab leer leeral kaso bi. Malaaka bi laal
Piyeer ci wet bi te yee ko, ne ko: «Jógal gaaw.» Ceen yi daldi dog ci
loxoom yi di daanu. 8 Malaaka bi ne ko: «Takkal sa ndigg te sol say
dàll.» Piyeer def noonu. Malaaka bi waxaat ko ne: «Solal sa mbubb
te nga topp ma.» 9 Piyeer topp ko, génn, waaye xamul woon ne, li
malaaka bi doon def, dëgg la. Dafa xalaatoon ne ay gis-gis rekk la.
10 Ñu jàll ci wottukat yu jëkk yi, ba ci ñaareel yi, ba ñu agsee ca
buntu weñ bi jëm ci dëkk bi. Bunt bi daldi ubbeekul boppam ci seen
kanam. Ñu génn, jaar ci mbedd mi. Ci saa si malaaka bi bàyyi ko.

11 Ca booba la xelu Piyeer dellusi ci moom, mu wax ne: «Léegi xam
naa bu wóor ne, Boroom bi yónni na malaakaam ngir mu yewwi ma
ci loxo Erodd ak lépp li ma askanu Yawut yi yéene woon def lu
bon.» 12 Bi mu xamee loolu, mu daldi dem ci kër Maryaama mi di
yaayu Yowaana mi nuy woowe Màrk. Foofu amoon na nit ñu bari
yu booloo woon di ñaan ci Yàlla. 13 Piyeer fëgg ci bunt bi, te benn
surga bu jigéen bu ñuy woowe Rodd ñëw ngir ubbil ko. 14 Mu daldi
xàmme baatu Piyeer te ci biir mbégteem talul sax ubbil ko, waaye
mu daw te yégle ne Piyeer mu ngi ci kanamu bunt bi. 15 Ñu ne ko:
«Dangaa dof.» Waaye mu dëgër ci li mu wax. Noonu ñu ne: «Kon,
malaakaam la.» 16 Ci waxtu boobu Piyeer mu ngi doon wéy di fëgg
bunt bi. Bi ñu koy tijjil te gis ko ñu daldi waaru. 17 Piyeer yékkëti
loxoom ngir ñu noppi te mu nettali leen naka la ko Boroom bi
génne ci kaso bi te mu ne leen: «Demleen yégal ko Saag ak yeneen
mbokki gëmkat yi.» Gannaaw loolu mu jóge fa, dem ci beneen
béréb.

[18] Bi bët setee yëngu-yëngu am ci biir soldaar yi te ñu laaj fu
Piyeer jaar. [19] Erodd santaane ñu seet Piyeer waaye gisuñu ko fenn.
Mu woolu soldaar yi te laaj leen. Gannaaw loolu mu joxe ndigal
ngir ñu rey leen. Bi loolu weesoo Erodd jóge diiwaanu Yude, dem
dëkku Sesare, des fa ab diir.

### Deewu buur Erodd Àggripa

[20] Booba buur bi Erodd mere woon na lool waa Tir ak Sidon. Ñu
mànkoo ngir seeti ko. Ñu naxante ak Balastus, bëkk-néegu buur bi,
ngir mu dimbali leen ci loolu. Noonu ñu ñaan buur bi ngir ñu juboo
ndaxte seen dund ci réewu buur boobu la doon jóge. [21] Bi bés bi ñu
jàppoon yegsee, Erodd sol mbubbi buuram, toog ci baŋu nguur, di
wax ci kanamu ñépp. [22] Noonu askan bi di yuuxu ne: «Nekkatul ne
nit mooy wax, waaye baatu Yàlla la.» [23] Ci saa si benn malaaka
Boroom bi ñëw dóor ko ndaxte nanguwul màggaayu Yàlla. Ay sax
dugg ci moom, lekk ko, mu dee. [24] Gannaaw loolu kàddu Yàlla di gën
di yokku tey law.

### Xel mu Sell mi yónni na Barnabas ak Sóol

[25] Bi Barnabas ak Sóol matalee seen liggéey ca Yerusalem, ñu dellu
Ancos, yóbbaale Yowaana mi ñu woowe Màrk.

## 13

[1] Amoon na ca mbooloo ñi gëm te nekk Ancos ay yonent ak ay
jàngalekat. Ñii ñoo fa nekkoon: Barnabas, Simeyon ma ñu doon
woowe ku ñuul ki, Lusiyus ma jóge woon dëkku Siren, Manayen mi
yaroondoo woon ak Erodd ma yilifoon diiwaanu Galile, ak Sóol.
[2] Benn bés bi ñu doon màggal Boroom bi te woor, Xel mu Sell mi ne
leen: «Beralleen ma Barnabas ak Sóol ngir liggéey bi ma leen
woowe.» [3] Noonu ñu woor, ñaan, te teg leen ay loxo. Gannaaw loolu

ñu bàyyi leen ñu dem.

## Liggéeyu Barnabas ak Póol ci Sippar

4 Niki noonu, Xel mu Sell mi yónni Barnabas ak Sóol, ñu dem ca
dëkku Selusi. Ñu dugge foofu gaal, dem Sippar, di réew mu ndox
wër. 5 Ba ñu yegsee ca dëkku Salamin, ñuy yégle kàddu Yàlla gi ci
këru ñaanu Yawut yi. Ku tuddoon Yowaana moo leen doon dimbali
ci liggéey bi. 6 Ñu jaar réew mi ndox wër yépp ba yegg dëkku Pafos.
Ñu tase fa ak benn luxuskat bu tudd Bar-Yeesu, ab Yawut la woon
te tudde boppam yonent. 7 Bokkoon na ci ñi jege woon Sergiyus
Póolus mi nekkoon kilifa Sippar. Kilifa moomu ku am xel la woon.
Mu woolu Barnabas ak Sóol ndaxte bëggoon na déglu kàddu Yàlla
gi, 8 waaye luxuskat boobu, te ñu koy woowe Elimas di turam ci
làkku Gereg, di leen xeex ngir kilifa boobu baña ñëw ci ngëm gi.
9 Noonu Sóol ma ñuy woowe Póol fees ak Xel mu Sell mi ne ko jàkk
10 te ne ko: «Yaw Elimas, nit ku fees ak fen ak bon te di doomu
Seytaane. Yaw yaay noonu lépp lu jub. Yooni Boroom bi dañu jub.
Ndax doo bàyyi di leen wut a dëngal? 11 Léegi nag, xoolal! Loxo
Boroom bi dina dal ci sa kaw. Dinga gumba te doo gisati jant bi ab
diir.» Ci saa si bëtam daldi lëndëm, mu gumba. Muy làmbatu fu
nekk di wut ku ko wommat. 12 Noonu bi kilifa réew mi gisee li xew,
mu daldi gëm, ndaxte yéemu woon na lool ci li ñu ko doon jàngal
jëm ci yoonu Boroom bi.

## Póol ak Barnabas yégle nañu xibaar bu baax bi ca dëkku Ancos ci diiwaanu Pisidi

13 Póol ak ñi mu àndaloon duggaat gaal ci dëkku Pafos, dem ci
dëkku Peers ci réewu Pamfili. Yowaana mi ñuy woowe Màrk bàyyi
woon na leen fa te dellu ca Yerusalem. 14 Ñoom ci seen wàllu bopp
ñu jóge Peers te wéy ci seen yoon ba yegg ci dëkku Ancos ci

diiwaanu Pisidi. Ci bésu noflaay bi ñu dugg ci kër-ñaan bi, daldi
toog. [15] Gannaaw bi kenn jàngee kàddu gi ci téere Musaa ak ci téere
yonent yi, njiiti kër-ñaan yi yónnee ci Póol ak Barnabas ngir wax
leen ne: «Mbokk yi, su fekkee am ngeen lu ngeen di wax nit ñi ngir
yokk seen ngëm, waxleen ko.» [16] Noonu Póol daldi jóg te tàllal
loxoom ngir ñépp noppi, te ne: «Yeen mbokki Israyil yi ak yeen
ñépp ñi ragal Yàlla, dégluleen! [17] Yàlla sunu askan tànn na sunuy
maam yokk leen bi ñu nekkee ni gan ci réewu Misra, ba noppi mu
génne leen fa ak kàttanam. [18] Lu tollook ñeent fukki at, mu leen di
muñal ci màndiŋ ma. [19] Gannaaw loolu mu sànk juróom ñaari xeet
ci réewu Kanaan te jox sunu maam yi seen réew. [20] Loolu lépp xew
na ci lu tollook ñeenti téeméeri at ak juróom fukk. Gannaaw loolu
mu jox leen ay àttekat yi leen di jiite ba jamono yonent Yàlla
Samiyel. [21] Noonu ñu ñaan Yàlla mu jox leen buur. Yàlla daldi leen
andil Sóol miy doomu Kis, bu soqeekoo ci giiru Beñamin. Sóol
nguuru na ñeent fukki at. [22] Yàlla dindi ko ci nguur gi te tànnal leen
Daawuda mu nekk seen buur. Yàlla def ci moom seede bii: "*Gis naa
ci Daawuda doomu Isayi ku neex sama xol. Moom mooy kiy matal sama
coobare.*" [23] Ci noonu Yàlla andil na waa Israyil musalkat bi soqeekoo
ci Daawuda ni mu ko dige woon. Moom mooy Yeesu. [24] Bala Yeesu
di ñëw, Yaxya mu ngi doon waare, di woo waa Israyil yi yépp mu
sóob leen ci ndox ngir ñu wone ne tuub nañu seeni bàkkaar, [25] te bi
Yaxya di waaja jeexal liggéeyam ci àddina, mu daldi ne: "Kan ngeen
yaakaar ne moom laa? Nekkuma ki ngeen di xaar. Waaye kooku mu
ngi ñëw ci sama gannaaw, te yelloowuma sax tekki ay dàllam."»

[26] Póol waxaat leen ne: «Yeen sama mbokk yi, yeen sëtu Ibraayma
ak yeen ñi ragal Yàlla, nun la Yàlla jagleel kàddu mucc gi. [27] Waa
Yerusalem ak seeni njiit xàmmewuñu woon kuy Yeesu. Dañu doon
jàng kàddu yonent yi bésu noflaay bu nekk, waaye xamuñu woon li

ñuy tekki. Ci noonu bi ñu àttee Yeesu, teg ko daan, matal nañu waxi
yonent yii. [28] Doonte gisuñu woon lu jar ñu rey ko, ñaan nañu Pilaat
mu reylu ko. [29] Noonu ñu matal lépp li Mbind mi waxoon ci moom.
Gannaaw loolu ñu wàcce ko ci bant bi ñu ko daajoon, te tëral ko ci
biir bàmmeel. [30] Waaye Yàlla dekkil ko ci ñu dee ñi, [31] te mu feeñu ci
ay bés yu bari ñi àndoon ak moom dale ko diiwaanu Galile ba
Yerusalem. Te ñoom ñoo nekk léegi ay seedeem ci kanamu askan
bi. [32] Te nun, nu ngi leen di yégal xibaar bu baax bi Yàlla digoon
sunuy maam. [33] Li Yàlla digoon sunu maam yi, matal na ko ci nun
seeni sët, bi mu dekkalee Yeesu, ni mu ko binde ci Sabóor yi, saar
ñaar, mu ne: "*Yaay sama doom; maay sa baay tey.*" [34] Yàlla yégle woon
na ne dina dekkil Yeesu te Yeesu du dellu ci bàmmeel bi mukk te
néewam du yàqu. Loolu la doon wax ne: "*Dinaa la jox li ma digoon
Daawuda, ay barke yu sell te wóor.*" [35] Moo tax mu wax feneen ne: "*Doo
bàyyi sa nit ku sell ki mu yàqu.*" [36] Daawuda ci boppam, ci jamonoom,
doon na liggéey ci coobarey Yàlla, ba noppi mu dee, te ñu suul ko ci
wetu ay maamam te néewam yàqu. [37] Waaye ki Yàlla dekkil,
néewam yàquwul.

[38-39] «Mbokk yi, xamleen ne ci Yeesu lanu leen di yégal mbaalum
bàkkaar, te képp ku gëm ci Yeesu, Yàlla dina la àtte ni nit ku jub, te
loolu yoonu Musaa mënu ko woona def. [40] Kon nag moytuleen li ñu
wax ci téere yonent yi bañ leena dal, bi ñuy wax ne: [41] "*Xoolleen,
yeen ñiy xeebaate, yéemuleen te réer, ndaxte dinaa def ci seen jamono
benn mbir boo xamante ne bu ñu leen ko doon wax sax, doo leen ko mësa
gëm.*"»

[42] Bi Póol ak Barnabas di genn kër-ñaan bi, nit ñi ñaan leen ñu
delluwaat ci seen njàngale boobu ci bésu noflaay bi ci topp.
[43] Amoon na fa ay Yawut ak yeneen nit ñi tuuboon, ñëw ci ngëmu
Yawut te ragal Yàlla. Bi mbooloo mi tasee, ñu bari ci ñoom daldi

gunge Póol ak Barnabas. Ci seen waxtaan, Póol ak Barnabas di leen
ñaax ngir ñu wéy di takku ci yiwu Yàlla.

### Póol ak Barnabas jublu nañu ci ñi dul Yawut

44 Bésu noflaay bi ci topp lu gëna bari ci dëkk ba dajaloo nañu ngir
déglu kàddu Boroom bi. 45 Waaye Yawut yi, ba ñu gisee mbooloo
ma, ñu fees ak iñaan, di weddi li Póol di wax ak di ko saaga.
46 Noonu Póol ak Barnabas tontu leen ak kóolute, ne: «Yeen Yawut
yi lanu waroona yégal kàddu Yàlla gi bu jëkk, waaye bañ ngeen ko
nangu, te àtte ngeen seen bopp ni nit ñi yelloowul jot dund gu dul
jeex ga. Kon nag nu ngi jublu ci ñi dul Yawut. 47 Ndaxte lii la nu
Boroom bi sant ci Mbind mi: "*Fal naa la ngir nga nekk leer ci biir ñi dul
Yawut, ngir nga yóbbu mucc gi ba fi àddina si yem.*"»
48 Ba ñi nekkul Yawut déggee loolu, ñu daldi am mbégte te màggal
kàddu Boroom bi, te ñépp ñi wara jot dund gu dul jeex ga daldi
gëm. 49 Kàddu Boroom bi daldi siiw ci réew mi yépp. 50 Waaye Yawut
yi di xiir jigéen ñi ragal Yàlla te am tur ak ñi am ndombal-tànk ci
dëkk bi ngir ñu bunduxataal Póol ak Barnabas te dàq leen ci seen
suuf. 51 Póol ak Barnabas daldi faxas pënd bi nekk ci seeni tànk ngir
loolu mën seede réeru ñooñu, te noonu ñu dem ci dëkku Ikoñum.
52 Taalibe yi ci Ancos daldi fees ak mbégte ak Xel mu Sell mi.

## 14

### Póol ak Barnabas ca dëkku Ikoñum

1 Bi Póol ak Barnabas nekkee ci dëkku Ikoñum, ñu dugg ci kër-
ñaanu Yawut yi di wax ba tax mbooloo mu bari daldi gëm, ay
Yawut ak ñi dul Yawut. 2 Waaye Yawut yi gëmul woon di xiir ñi
nekkul Yawut ba ñu bañloo leen mbokki gëmkat yi. 3 Póol ak
Barnabas des ci dëkku Ikoñum lu yàgg di wax ak kóolute lu jëm ci
Boroom bi. Boroom bi may leen ñuy def ay màndarga ak ay yëf yu

yéeme, te noonu muy wone ne li ñuy wax ci yiwam dëgg bu wér
péŋŋ la. 4 Waa dëkk ba daldi xaajaloo. Ñii ànd ak Yawut yi; ñi ci des
ànd ak ndaw yi. 5 Yawut yi ak ñi nekkul Yawut ak seen njiit yi daldi
lal pexe ngir sonal Póol ak Barnabas te sànni leen ay xeer ngir rey
leen. 6-7 Bi Póol ak Barnabas xamee loolu ñu daldi dem ci diiwaanu
Likawni, di dëkku Listar ak Derbe ak li leen wër, te foofu ñu wéy di
yégle xibaar bu baax bi.

### Póol ak Barnabas ci dëkku Listar

8 Amoon na benn waay ci dëkku Listar bu doon toog ndaxte dafa
judduwaale woon lafañ. Tànkam yi làggi woon te mësula dox.
9 Benn bés mu doon déglu Póol di wax. Póol xool ko ne ko jàkk te gis
ne amoon na ngëm ngir mëna wér. 10 Mu wax ak baat bu kawe ne
ko: «Jógal, taxaw ci say tànk.» Noonu mu tëb taxaw te tàmbali di
dox.
11 Bi mbooloo mi gisee li Póol defoon ñu tàmbali di wax ci làkku
waa Likawni, ne: «Yàlla yi soppeeku nañu nit te wàcc ci sunu biir.»
12 Ñuy woowe Barnabas Sës tey woowe Póol Ermes, ndaxte moom
mooy ki yor kàddu gi. 13 Amoon na ci buntu dëkk bi benn kër fi ñu
doon jaamu seen yàlla Sës. Jébbalkatu-sarax bi doon liggéey ci kër
boobu andi ci buntu dëkk bi ay nag yi nga xamante ne dañu leen
tegoon ay tóor-tóor. Moom ak mbooloo mi bëggoon nañu rendi nag
yooyu ngir màggal Póol ak Barnabas.
14 Bi ndaw yi, maanaam Barnabas ak Póol, yégee loolu, ñu daldi
xotti seeni yére te gaawantu ci diggu mbooloo mi di yuuxu naan:
15 «Yeen nit ñi, lan moo tax ngeen di doxale nii? Nun tamit, ay nit
lanu ni yeen. Danu ñëw ngir yégal leen xibaar bu baax bi ngir
ngeen bàyyi yëf yu amul maana yii te jublu ci Yàlla jiy dund, mi
sàkk asamaan, suuf, géej, ak lépp li nekk ci seen biir. 16 Ci jamono yi
weesu, Yàlla bàyyi woon na xeet bu nekk mu topp yoonu boppam,

[17] moona wone woon na ki mu doon ci lu baax li mu def. Moom moo
leen may taw bi jóge ci asamaan ak góob yi ba ngeen am lu bari ci li
ngeen lekk, te mu feesal seen xol ak bànneex.» [18] Doonte lépp li
Póol ak Barnabas doon wax, ci lu tuuti moo desoon ñu rendil leen
sarax.
[19] Gannaaw loolu mu am ay Yawut yu jóge woon Ancos ak Ikoñum.
Bi ñu yegsee ñu xëcc mbooloo mi ci ñoom, ñu sànni Póol ay xeer
ngir rey ko. Ñu daldi ko diri ba génne ko dëkk bi, ñu yaakaar ne
dafa dee. [20] Waaye bi ko taalibe yi wëree, mu daldi jóg, dugg ci dëkk
bi. Ci ëllëg sa, mu dem ci dëkku Derbe, moom ak Barnabas.

### Póol ak Barnabas dellu nañu ca dëkku Ancos bu Siri

[21] Póol ak Barnabas yégle nañu xibaar bu baax bi ci dëkku Derbe ba
am fa ay taalibe yu bari. Gannaaw loolu, ñu dellu ci dëkku Listar, ci
dëkku Ikoñum, ak ci dëkku Ancos ci diiwaanu Pisidi, [22] di dëgëral
taalibe yi te di leen ñaax ngir ñu sax ci ngëm gi, te ñu ne leen: «Ak
coono yu bari lanuy dugge ci nguuru Yàlla gi.» [23] Ci bépp mbooloo
ñi gëm ñu tànn fa ay njiit. Ba noppi ñuy ñaan ak di woor, ñu dénk
leen Boroom bi nga xamante ne, moom lañu gëm. [24] Bi ñu fa jógee,
ñu jaar li des ci diiwaanu Pisidi ba yegg ci diiwaanu Pamfili. [25] Ñu
yégle kàddu Yàlla gi ci dëkku Peers, te noonu ñu dem ci dëkku
Atali, fi gaal yi di téere. [26-27] Ñu dugge fa gaal, dem Ancos ci
diiwaanu Siri. Mataloon nañu liggéey bi leen Yàlla santoon. Ba ñu
yegsee ñu daldi woolu mbooloom ñi gëm, ñi leen dénkaane woon ci
yiwu Yàlla ngir ñu def liggéey boobu. Ñu nettali leen lépp li Yàlla
def jaarale ko ci ñoom. Ñu nettali leen itam naka la Yàlla ubbee
buntu ngëm ci ñi nekkul Yawut. [28] Noonu ñu des fa ab diir bu yàgg
ak taalibe yi.

## 15

## Njiiti mbooloom ñi gëm daje nañu ci Yerusalem

[1] Amoon na ay nit ñu jóge woon diiwaanu Yude, ñëw dëkku Ancos.
Ñu jàngal mbokki gëmkat yi fa nekk te di leen wax ne: «Bu ngeen
xarafuwul ni ko yoonu Musaa santaane, dungeen mëna mucc.»
[2] Póol ak Barnabas am nañu ak ñoom werante ba mujje xuloo bu
tàng. Noonu mbooloo ñi gëm jël dogal ne Póol, Barnabas, ak
yeneeni mbokk dem Yerusalem ci ndawi Yeesu ak njiiti mbooloo ñi
gëm yi fa nekk ngir waxtaane fa mbir mi ba leeral ko. [3] Mbooloo ñi
gëm jox leen li ñu soxla ci seen tukki. Ñu jaar ci diiwaanu Fenisi ak
diiwaanu Samari. Póol ak Barnabas di leen fa nettali ni ñi dul
Yawut tuube, topp Boroom bi, te mbokki gëmkat yi am ci mbégte
bu réy. [4] Bi ñu yegsee Yerusalem mbooloo ñi gëm bi fa nekk ak
seeni njiit ak ndawi Yeesu yi dalal leen. Póol ak Barnabas daldi
nettali lépp li Yàlla def jaarale ko ci ñoom. [5] Waaye amoon na fa ñu
bokkoon ci tarixa Farisen te gëm ci Yeesu. Ñu daldi jóg te wax ne:
«Fàww ñu xarafal ñi dul Yawut te ñu dénk leen ñu déggal yoonu
Musaa bi.»

[6] Ndaw yi ak njiit yi daldi daje ngir leeral mbir mi. [7] Mu am fa
werante bu mag. Piyeer daldi jóg te ne leen: «Samay mbokk, ni
ngeen ko xame, ci njàlbéen ba, Yàlla tànn na ma ci seen biir ngir
ma yégle xibaar bu baax bi ci ñi dul Yawut, ñu dégg ko te gëm.
[8] Yàlla mi xam xol yi, wone na ne nangu na ñi nekkul Yawut bi mu
leen joxe Xel mu Sell mi, ni mu nu ko joxe woon, nun itam. [9] Amul
benn gënatle ci li Yàlla def ci sunu diggante ak ñoom. Setal na seen
xol jaarale ko ci seen ngëm. [10] Léegi nag, lu tax ngeen di seetlu
Yàlla, di wut a teg taalibe yi yen bi nga xam ne sunuy maam walla
nun sax mësunu ko àttan? [11] Déedéet, nun Yawut yi gëm nanu ne
yiwu Boroom bi Yeesu moo nu mëna muccal. Ñoom tamit, ci anam
boobu lañu mucce.»

12 Bi mu ko waxee mbooloo mi ne cell, ñu déglu Barnabas ak Póol
ñuy nettali màndarga ak ay yëf yu yéeme yi Yàlla def jaarale ko ci
ñoom ci biir ñi dul Yawut. 13 Bu ñu waxee ba noppi, Saag jël kàddu
gi te ne: «Samay mbokk, dégluleen ma! 14 Simoŋ Piyeer nettali na ni
Yàlla ganesee ñi dul Yawut ci njàlbéen ba te tànn ci seen biir ay nit
ngir ñu nekk askan bi mu moomal boppam. 15 Te loolu dëppoo na ak
kàdduy yonent yi, ndaxte Mbind mi nee na:

16 *"Bi loolu weesoo, dinaa dellusi,*
*yékkëti kër Daawuda bi daanu woon;*
*ma tabaxaat li yàqu woon*
*te defaraat ko ba mu jub xocc.*
17-18 *Noonu li des ci nit ñi di wut Boroom bi,*
*maanaam ñi dul Yawut yépp,*
*ñi ma tànn ngir ñu nekk sama moomeel.*
*Loolu la Boroom bi wax,*
*moom mi matal li mu waajoona def*
*te mu yégle woon ko lu yàgg."»*

19 Saag teg ca ne: «Looloo tax jàpp naa ne warunu sonal ñi dul
Yawut te tuub, topp Yàlla. 20 Waaye nanu leen bindal ñu moytu lekk
yàppu jur bu ñu saraxe ci xërëm yi, moytu njaaloo, moytu lekk
yàppu jur yu ñu rey te deret tuuruwul, ak lekk deret. 21 Ndaxte ci
njàlbéen ba tey am na ay nit yuy jàngale yoonu Musaa ci dëkk bu
nekk te ñu koy jàng ci kër-ñaan yi ci bésu noflaay bu nekk.»
22 Niki noonu, ndaw yi ak njiit yi ak mbooloom ñi gëm ñépp jël
dogal ngir tànn ay nit te yónni leen ca Ancos, ñu ànd ak Póol ak
Barnabas. Ñu tànn nag Yudaa mi ñuy woowe Barsabas, moom ak
Silas, di ay njiit ci mbokki gëmkat yi. 23 Ñu jox leen bataaxal te lii
lañu ci bind: «Yeen sunu mbokk yi dëkk Ancos, Siri, ak Silisi, yeen
ñi dul Yawut, nu ngi leen di nuyu, nun ndawi Yeesu yi ak njiiti

mbooloo ñi gëm bi nekk Yerusalem. [24] Dégg nanu ne am na ay nit
ñu jóge ci nun, ñëw ci yeen, di leen lëjal te di leen jaxase ak seen
wax yi, wànte nun, santunu leen ko. [25] Kon nag, nun ñépp déggoo
nanu jël dogal ci lu jëm ci loolu ngir tànn ay nit ngir yónnee leen ko
ak sunuy soppe Barnabas ak Póol, [26] di ay nit ñi jaay seen dund ngir
turu Yeesu Almasi bi sunu Boroom. [27] Kon nungi leen di yónnee
Yudaa ak Silas ngir ñu wax leen ci seen gémmiñ li nu bind ci
bataaxal bii, [28] ndaxte li neex Xel mu Sell mi te neex nu, mooy nu
bañ leena teg beneen yen bu dul dénkaane yii nu mënula ñàkka
wax: [29] ngeen moytu lekk yàppu jur bu ñu saraxe ci xërëm yi, ak
deret, ak yàppu jur yu ñu rey te deret tuuruwul, ak njaaloo. Bu
ngeen moytoo loolu lépp def ngeen lu baax. Jàmm ak jàmm.»
[30] Noonu ñi ñu yónni woon tàggoo ak mbokki gëmkat yi, dem
dëkku Ancos. Bi ñu yegsee, ñu dajale mbooloo ñi gëm yépp, jébbal
leen bataaxal bi. [31] Bi ñu ko jàngee, seen xol sedd ndaxte bataaxal bi
ñaax na leen. [32] Yudaa ak Silas ñi doon yonent, ñaax nañu mbokk yi
te dëgëral seen ngëm. [33-34] Ñu des fa ab diir ba noppi. Mbokk yi
yewwi leen ci jàmm. Ñu dellu ci ñi leen yónni woon. [35] Waaye Póol
ak Barnabas ñu des Ancos. Ñoom ak yeneen nit ñu bari, ñuy wéy di
jàngale te di yégle xibaar bu baax bi, di kàddu Boroom bi.

## Póol ak Barnabas xaajaloo nañu

[36] Gannaaw ay fan Póol wax Barnabas ne: «Nanu dellu ci dëkk yépp
yi nu yégle woon kàddug Boroom bi, seeti mbokk yi ngir
nemmeeku leen.» [37] Barnabas nag dafa bëggoona yóbbaale
Yowaana, mi ñuy woowe Màrk, [38] waaye Póol nanguwul woon ñu jël
ko ndaxte da leen bàyyi woon ci diiwaanu Pamfili te demul woon
ak ñoom ci seen liggéey. [39] Loolu jur na xuloo bu tàng ba ñu mujje
xaajaloo. Barnabas jël Màrk, ñu dugg gaal jëm Sippar, di réew mu
ndox wër. [40] Póol nag tànn Silas, te gannaaw bi mbokki gëmkat yi

dénkaane Póol ci yiwu Boroom bi, ñu dem, 41 jaar ci diiwaanu Siri ak
bu Silisi. Póol di dëgëral mbooloo ñi gëm.

## 16

### Timote fekki na Póol ak Silas ci seen liggéey

1 Póol yegsi ci dëkku Derbe ak bu Listar, mu fekk fa benn taalibe
bu tudd Timote te yaayam nekkoon Yawut bu gëmoon ci Almasi bi
waaye pàppaam nekkul Yawut. 2 Mbokki gëmkat yi nekkoon Listar
ak dëkku Ikoñum, lu baax rekk lañu daan seede ci moom. 3 Póol
bëggoon mu ànd ak moom. Mu jël ko nag te xarafal ko ndax Yawut
yi nekkoon ci diiwaan boobu, ndaxte ñoom ñépp xamoon nañu ne
pàppaam nekkul Yawut. 4 Ci dëkk yépp yi ñu daan jaar, Póol ak Silas
ñu ngi daan jottali dogal yi ndaw yi ak njiiti mbooloo ñi gëm yi
nekk Yerusalem jël, te ñu sant leen ñu topp ko, 5 te noonu
mbooloom ñi gëm gëna dëgër ci seen ngëm te gën di yokku bés bu
nekk.

### Póol waare na ci diiwaanu Maseduwan

6 Póol ak Silas jaar ca diiwaanu Firisi ak bu Galasi ndaxte Xel mu
Sell mi mayu leen woon ñu yégle kàddug Yàlla gi ci diiwaanu Asi.
7 Bi ñu yegsee ci wetu diiwaanu Misi ñu bëggoona dugg diiwaanu
Bitini waaye foofu tamit Xelum Yeesu mayu leen ko. 8 Noonu ñu
jaar Misi, dem dëkku Torowas, bi nekk ci wetu géej gi. 9 Ci guddi gi,
Póol gis ci gént benn waay bu dëkk diiwaanu Maseduwan taxaw ci
kanamam ñaan ko, ne: «Jàllsil ba Maseduwan! Wallusi nu.» 10 Bi
Póol amee gént boobu, ci saa si, nu fexe dem Maseduwan ndaxte
wóoroon nanu ne Yàlla moo nu woo ngir nu yégle fa xibaar bu baax
bi.

11 Noonu nu jële gaal ci Torowas, nu jëm ci Samotaras di dëkk bu
ndox wër. Ci ëllëg sa nu wéy ak gaal gi ba ci dëkku Neyapolis.

[12] Foofu, nu daldi dem ba ci Filib, di dëkk bu gëna am solo ci
Maseduwan, te di moomeelu Room. Nu toog fa ay fan. [13] Ci bésu
noflaay bi, nu génn dëkk bi dem ci wetu dex bi, ndaxte yaakaaroon
nanu ne foofu am na béréb bu nit ñi di ñaane. Amoon na fa ay
jigéen. Noonu nu toog di wax ak ñoom. [14] Ci biir jigéen yooyu
amoon na benn jigéen bu ragal Yàlla, tuddoon Lidi, cosaanoo woon
dëkku Catir, te nekkoon jaaykatu cuub yu xonq yu seer lool. Bi muy
déglu, Boroom bi ubbi xolam ngir mu takku ci li Póol doon wax.
[15] Nu sóob ko ci ndox moom ak waa këram. Gannaaw loolu mu wax
nu: «Ñëwleen, ganesi ma, su fekkante ne jàpp ngeen ne gëm naa
Boroom bi.» Te muy wéy di ñaan ngir nu nangu.

### Póol ak Silas tëj nañu leen ci kaso ci dëkku Filib

[16] Benn bés, bi nuy dem ci bérébu ñaanukaay bi, nu daje ak benn
jaam bu jigéen. Dafa amoon rab bu ko doon may muy gisaane.
Loolu andiloon na njaatigeem yi xaalis bu bari. [17] Mu topp nu, Póol
ak nun, di yuuxu ne: «Nit ñii ñooy jaami Yàlla-Aji-Kawe ji. Dañu
ñëw ngir yégal leen yoonu mucc gi.» [18] Mu wéy di ko def ay bés yu
bari. Bi Póol sonnee ci wax bi, mu walbatiku te wax rab bi ne: «Maa
ngi lay jox ndigal ci turu Yeesu Almasi bi, génnal ci soxna si!» Ci saa
si, mu génn ci moom. [19] Bi njaatigeem yi gisee ne seen yaakaar jot
xaalis jeex na, ñu jàpp Póol ak Silas te diri leen ci péncu dëkk bi, ci
kanamu njiit yi. [20] Ñu andi leen ci kanamu àttekat yi, di leen
tuumaal, naan: «Nit ñii ay Yawut lañu. Ñooy jaxase sunu dëkk bi,
[21] di jàngale ay aada yoo xamante ne, sañuñu leen nangu mbaa topp
leen, nun ñi bokk ci waa Room.» [22] Mbooloo mi ànd ci, ñu dal ci kaw
Póol ak Silas. Àttekat yi simmilu seen yére, santaane ñu dóor leen
ay yet. [23] Bi ñu leen dóoree ay yet yu bari ba noppi, ñu tëj leen ci
kaso bi, te jox ndigal garjen bi ngir mu sàmm leen bu baax. [24] Bi ñu
ko waxee loolu, mu tëj leen ci néeg bi gëna ruqe ci kaso bi. Mu tëj

seen tànk yi ci ay bant dénk.
[25] Ci xaaju guddi Póol ak Silas ñu ngi doon ñaan Yàlla te di ko sant
ak ay woy, te ñeneen ñi ñu tëjoon ci kaso bi di leen déglu. [26] Jekki
jekki, benn yëngu-yëngu suuf bu mag dal ci biir kaso bi te
fondamaa kaso bi yëngu. Ci saa si, bunt yi ci kaso bi yépp ubbeeku,
te ñépp ñi ñu tëjoon ci kaso bi seen ceen yi dagg. [27] Garjen bi yeewu,
mu gis ne buntu kaso yi tijjeeku nañu. Mu daldi jël jaaseem, nara
xaru, ndaxte dafa foogoon ne ñi ñu tëjoon ci kaso bi dañoo daw.
[28] Waaye Póol yuuxu ak baat bu kawe ne ko: «Bul gaañ sa bopp, nun
ñépp nu ngi fi.» [29] Garjen bi laaj làmp, mu gaawantu dugg ci biir, te
daanu ci tànki Póol ak Silas di lox. [30] Noonu mu génne leen ci kaso
bi te laaj leen, ne: «Kilifa yi, lan laa wara def ngir mucc.» [31] Póol ak
Silas tontu ko ne: «Gëmal Boroom bi Yeesu te dinga mucc yaw ak sa
waa kër.» [32] Noonu ñu yégal ko kàddug Boroom bi, moom ak waa
këram yépp. [33] Ci waxtu boobu ci guddi, mu jël leen te faj seen
gaañu-gaañu yi. Ñu daldi koy sóob ci ndox, moom ak waa këram
yépp. [34] Mu yóbbu leen ci këram, mu jox leen ñu lekk, te muy
bànneexu, moom ak waa këram yépp, ndax li ñu gëm ci Yàlla.
[35] Bi bët setee àttekat yi yónnee ay takk-der ci kaso bi ngir ñu wax
garjen bi ne: «Bàyyil nit ñii, ñu dem.» [36] Garjen bi daw, yégal loolu
Póol, ne: «Àttekat yi yónnee nañu ngir ma bàyyi leen, ngeen dem.
Léegi nag mën ngeen dem ci jàmm.» [37] Waaye Póol wax ak takk-der
yi ne leen: «Ñoom, dóor nañu nu ay yet ci kanamu ñépp. Jaarunu ci
àtte, nun ñii bokk ci waa Room, ba noppi ñu sànni nu ci kaso. Léegi
nag, dañu jóg ngir génne nu ci kaso bi te kenn du ko yég? Loolu du
am mukk! Ñoom ci seen bopp, nañu ñëw génne nu.» [38] Noonu, takk-
der yi dem, yégal kàddu yooyu àttekat yi. Bi ñu yégee ne ci waa
Room lañu bokk, ñu daldi tiit. [39] Ñu ñëw, ñoom ci seen bopp,
jéggalu, te génne leen ci kaso bi, te ñu ñaan leen ngir ñu génn ci

seen dëkk. [40] Bi ñu génnee ci kaso bi Póol ak Silas dem ci kër Lidi.
Ñu fekk fa mbokki gëmkat yi yépp te di leen ñaax. Gannaaw loolu
nu jëlaat seen yoon.

# 17

## Póol ak Silas ci dëkku Tesalonig ak bu Bere

[1] Póol ak Silas jaar ci dëkku Amfipolis ak bu Apoloni ba yegg dëkku
Tesalonig. Foofu Yawut yi amoon nañu benn kër-ñaan. [2] Póol dugg
ci kër-ñaan bi, ni mu ko tàmme woon di def. Mu tegle ñetti bésu
noflaay di fa dem di waxtaan ak ñoom ci lu jëm ci Mbind mi. [3] Mu
leen di faramfàcceel Mbind mi di leen won ci li mu wax ne: Almasi
bi dafa waroona sonn ba dee te dekki ci ñu dee ñi. Mu ne: «Yeesu
mi ma leen di yégal, mooy Almasi bi.» [4] Ñenn ci Yawut yi ak
mbooloo mu takku ci ñi dul Yawut te ragal Yàlla ak ay jigéen yu
bari yu am tur nangu nañu li leen Póol ak Silas wax te ñu topp leen.
[5] Waaye iñaan jàpp yeneen Yawut yi, ñu dajale ñiy taxawaalu ci
mbedd yi. Ñooñu xiir askan bi te jaxase dëkk bi. Ñu song këru benn
waay bu tudd Yason. Ñu di fa seet Póol ak Silas ngir yóbbu leen ci
kanamu askan bi, [6] waaye fekkuñu leen fa. Noonu ñu diri Yason ak
ñenn ci mbokki gëmkat yi ñu fekkoon ci këram ba ci kanamu njiiti
dëkk bi. Ñu tàmbali di yuuxu, naan: «Nit ñooñu ñooy jaxase àddina
sépp, léegi nag yegsi nañu ba fii. [7] Yason dalal na leen këram. Ñoom
ñépp nag ñu ngi def lu wuute ak li Sesaar digle, ndaxte dañu wax
ne am na beneen buur bu tudd Yeesu.» [8] Bi ñu déggee kàddu yooyu,
askan bi ak njiit yi daldi jaaxle. [9] Njiiti dëkk ba daan Yason ak ñi mu
àndaloon, feyloo leen xaalis, ba noppi, bàyyeegum leen ñu dem.
[10] Bi guddi jotee mbokki gëmkat yi def ba Póol ak Silas dem dëkku
Bere. Bi ñu yegsee foofu, ñu dem ci kër-ñaanu Yawut yi. [11] Yawutu
Bere yi ñoo ëpp teggin Yawutu Tesalonig yi. Ñu nangu kàddug Yàlla

gi ak mbégte mu réy, te bés bu nekk ñu ngi doon gëstu Mbind mi
ngir xam ndax li leen Póol wax dëgg la walla déet. [12] Te noonu ñu
bari ci ñoom gëm. Ñu bari ci ñi nekkul Yawut yi gëm nañu tamit, di
jigéen yu am tur ak ay góor.
[13] Waaye bi Yawutu Tesalonig yi yégee ne Póol mu ngi yégle
kàddug Yàlla gi ci Bere tamit, ñu ñëw, andi fa coow, te jaxase askan
bi. [14] Noonu mbokki gëmkat yi gaawantu yóbbu Póol ba ci wetu géej
gi. Silas ak Timote des ca Bere. [15] Ñi gunge woon Póol ànd ak moom
ba ci dëkku Aten. Ñu dellu Bere, Póol yóbbante leen ñu wax Silas ak
Timote ñu fekki ko ci ni mu gëna gaawe.

### Póol yégle na xibaar bu baax bi ci dëkku Aten

[16] Ci waxtu bi Póol di xaar Silas ak Timote ci dëkku Aten, xolam
jeex bi mu gisee dëkk bi fees dell ak ay xërëm. [17] Mu dugg ci kër-
ñaan bi di waxtaan ak Yawut yi ak ñi dul Yawut te ragal Yàlla. Te
itam bés bu nekk mu ngi doon waxtaan ak ñépp ñi mu dajale woon
ci péncu dëkk bi. [18] Amoon na ay boroom xam-xam yu bokk ci
mbooloo mi ñuy woowe Epikuren ak mbooloo mi ñuy woowe
Estowisen. Ñenn ci ñoom doon nañu waxtaan ak Póol. Ñenn ñi di
wax ne: «Kii lu muy kebetu?» Ñeneen ni di tontu ne: «Dafa mel ni
mu ngi yégle ay yàlla yu nu xamul,» ndaxte Póol doon na yégle
Yeesu ak ndekkitel bi. [19] Noonu ñu jël ko, ànd ak moom ba ci ëttu
àttekaay bi ñuy woowe Areyopas. Ñu wax ko ne: «Li ngay jàngale,
lu bees la ci nun. Leeralal nu ko, [20] ndaxte tànkal nga nu ak ay wax
yu kenn xamul, te nun bëgg nanu xam li loolu di tekki.» [21] Booba
waa Aten yépp, ak gan ya ca dëkk ba, wax ak déglu xibaar yu bees
rekk lañu nekke woon.
[22] Noonu Póol taxaw ci diggu ëttu àttekaayu Areyopas, te ne leen:
«Yeen waa Aten, gis naa ne ci mbirum diine ci anam bu nekk takku
ngeen ci bu baax, [23] ndaxte bi ma doon doxantu ci seen dëkk, may

xool li ngeen di jaamu, seetlu naa itam benn saraxlukaay, ñu bind
fa: ngir Yàlla mi nu xamul. Li ngeen di jaamu nag te xamuleen ko,
moom laa leen di yégal. [24] Yàlla mi sàkk àddina si ak lépp li nekk ci
biiram di boroom asamaan ak suuf du dëkk ci kër yi loxoy nit
tabax. [25] Moom, soxlawul dara ba nit di ko liggéeyal, ndaxte moom
mooy jox ñépp bakkan, ñuy noyyi, ak leneen lépp. [26] Moo sàkk xeet
yi yépp, jaarale ko ci benn nit, mu may leen ñu dëkk fépp ci suuf si.
Mu àppal seen jamono yi te rëdd bérébu dëkkuwaayu ku nekk ak fi
mu yem. [27] Yàlla def na loolu ngir nit ñi di ko wut, xéy-na ñu
làmbatu ba daj ko, fekk sax soriwul kenn ci nun. [28] Ndaxte ci moom
lanuy dunde, di yëngu, te nekk, ni ko woykat yi waxe woon ne:
"Nun ay doomam lanu." [29] Kon ndegam ay doomu Yàlla lanu,
warunu xalaat ne Yàlla niroo na ak ay yëf yu nit defare wurus,
xaalis, ak xeer ci ay loxoom jaarale ko ci ay xalaatam. [30] Yàlla
xoolatul jamono yi ko nit ñi xamul woon, waaye léegi mu ngi woo
ñépp fu waay mëna nekk ngir ñu tuub seeni bàkkaar, [31] ndaxte jàpp
na bés bi muy àtte àddina si yépp ak njubte. Tànn na ki wara àtte te
dekkil ko ci biir ñu dee ñi. Te ci noonu Yàlla won na ñépp firnde ne
nit kooku la tànn ngir mu àtte.»
[32] Bi ñu déggee Póol wax ci mbirum ndekkitelu ñu dee ñi, ñenn ñi
di ñaawal Póol, waaye ñeneen ñi di wax ne: «Beneen yoon, dinanu
la dégluwaat ci lu jëm ci mbir yooyu.» [33] Noonu Póol jóge ci seen
ndaje ma. [34] Moona ñenn ci ñoom taq ci moom te gëm. Ñoo doon
benn waay bu tudd Denis te bokk ci mbooloom Areyopas, benn
jigéen bu tudd Damaris, ak ñeneen.

# 18

## Póol waare na ci dëkku Korent

[1] Gannaaw loolu Póol jóge ci dëkku Aten, dem ci dëkku Korent.

2 Mu fekk fa benn Yawut bu tudd Akilas te mu juddoo ci diiwaanu
Pont. Mu ngi soga jóge ci réewu Itali, moom ak jabaram Pirsil
ndaxte Sesaar Këlódd moo joxe woon ndigal ngir Yawut yi yépp
génn ci dëkku Room. Póol dem ci ñoom. 3 Mu dal ci seen kër di
liggéey ak ñoom ndaxte dañu bokkoon benn liggéey, maanaam di
defar ay mbaar. 4 Bésu noflaay bu nekk Póol da doon waxtaan ak
Yawut yi ak ñi nekkul Yawut ci kër-ñaan bi, di leen wuta gëmloo.
5 Waaye bi Silas ak Timote jógee ci diiwaanu Maseduwan yegsi
Korent, Póol daldi jublu ci yégle kàddug Yàlla gi. Muy seede ci
kanamu Yawut yi ne Yeesu mooy Almasi bi. 6 Waaye bi ñooñu
gàntoo njàngaleem te di ko saaga, mu fëgg pënd bi takk ci yéreem
yi te ne leen: «Bu ngeen sànkoo, yeena ko teg seen bopp. Set naa ci
wecc. Léegi nag dinaa dem ci ñi nekkul Yawut.» 7 Noonu mu génn
foofu, dem ci kër benn waay bu tudd Tisiyus Yustus. Mu nekkoon
ku ragal Yàlla te këram nekkoon ci wetu kër-ñaan bi. 8 Kirispus, mi
nekkoon njiitu kër-ñaan bi gëm ci Boroom bi, moom ak njabootam
yépp. Ñu bari ci dëkku Korent doon nañu déglu Póol, ñu gëm tamit
te ñu sóob leen ci ndox.

### Yawut yi ci dëkku Korent tuumaal nañu Póol

9 Benn guddi Boroom bi wax ak Póol ci benn gis-gis, ne: «Bul ragal
dara. Waxal te baña noppi. 10 Maa ngi ak yaw te kenn du la mëna teg
loxo ba di la sonal, ndaxte bari na ñi ma moom ci dëkk bii.»
11 Noonu Póol des ca Korent benn at ak genn-wàll, di jàngale
kàddug Yàlla gi ci seen biir.

12 Ci jamono ji Galyon yilifoon diiwaanu Akayi, Yawut yi jóg,
mànkoo ngir jàpp Póol. Noonu ñu yóbbu ko ci ëttu àttekaay bi 13 te
ñuy wax naan: «Nit kii mu ngi xiir nit ñi, ñuy jaamu Yàlla ci lu
àndul ak yoonu Musaa.» 14 Póol mu ngi doon waaja tontu, waaye
Galyon wax Yawut yi ne: «Su fekkoon ne ay mbir yu jubadi la walla

ay ñaawteef, doon naa leen déglu ni mu ware, 15 waaye ndegam ay
werante la ci mbirum wax ak tur ak lu jëm ci seen yoonu bopp,
seen wàll la. Du mbir yu mel noonu laay àtte.» 16 Noonu mu génne
leen ci ëttu àttekaay bi. 17 Ci kaw loolu ñoom ñépp jàpp Sosten mi
doon njiitu kër-ñaan bi te ñu dóor ko ci kanamu bérébu àttekaay
bi, waaye Galyon faalewul leen.

### Póol dellusi na ci dëkku Ancos bu Siri

18 Póol desaat lu yàgg ci dëkku Korent. Gannaaw loolu mu tàggoo
ak mbokki gëmkat yi. Mu jël gaal ngir dem ci diiwaanu Siri. Mu ànd
ak Pirsil ak Akilas. Laata muy dem, Póol watlu boppam ci dëkku
Señsere ndaxte dafa am lu mu waataloon Yàlla. 19 Bi ñu teeree ci
dëkku Efes, Póol bàyyi fa ñi mu àndaloon. Moom mu dugg ci kër-
ñaan bi di waxtaan ak Yawut yi. 20 Bi ko ñooñu ñaanee ngir mu des
fa ay fan, nanguwul woon, 21 waaye bi muy tàggoo ak ñoom mu wax
leen kàddu yii: «Su ko Yàlla bëggee, dinaa dellusi seetsi leen.» Mu
jëlaat gaal, jóge Efes. 22 Bi mu yegsee ci dëkku Sesare, mu dem
Yerusalem. Foofu, mu nuyu mbooloo ñi gëm. Gannaaw loolu, mu
dellu dëkku Ancos.

### Apolos waare na ci dëkku Efes ak bu Korent

23 Póol des na Ancos ay fan. Gannaaw loolu mu jóge fa, jaar
diiwaanu Galasi ak diiwaanu Firisi di dëgëral taalibe yépp.
24 Ci jamono jooju, benn Yawut bu tudd Apolos te cosaanoo
Alegsàndiri ñëw na Efes. Xamoon na Mbind mi bu baax te di wax ak
kàddu yu rafet. 25 Jàngaloon nañu ko bu baax yoonu Boroom bi, te
sawaroon na di wax lu wóor ci lu jëm ci Yeesu. Waaye xamul woon
lu dul sóobu ndox bu Yaxya. 26 Mu tàmbali di wax ak kóolute ci biir
kër-ñaan bi. Pirsil ak Akilas, bi ñu ko déggee muy wax, ñu jël ko
ngir ñu faramfàcceel ko yoonu Yàlla ba mu leer ci moom.

[27] Gannaaw loolu Apolos bëggoon na dem diiwaanu Akayi. Mbokki
gëmkat yi ànd ci loolu, bind taalibe yi nekk dëkku Korent ngir ñu
dalal ko bu baax. Bi mu yegsee foofu mu amal njériñ bu réy ñi gëm
jaarale ko ci yiwu Yàlla, [28] ndaxte mu ngi doon daaneel Yawut yi ci
wax ci kanamu ñépp, te jaarale ko ci Mbind mi, mu ngi doon wone
ne Yeesu mooy Almasi bi.

## 19

### Ay taalibe ci dëkku Efes jot nañu Xel mu Sell mi

[1] Bi Apolos nekkee Korent, Póol jaar ci diiwaani tundi Asi, mu
doora yegsi dëkku Efes. Mu fekk fa ay taalibe [2] te laaj leen ne: «Ndax
jot ngeen Xel mu Sell mi gannaaw bi ngeen gëmee?» Ñu tontu ko
ne: «Mësunu dégg sax ne Xel mu Sell mi am na.» [3] Póol laajaat leen
ne: «Kon ban sóobu ndox lañu leen sóob?» Ñu ne ko: «Xanaa bu
Yaxya.» [4] Póol ne leen: «Waaw, Yaxya daan na sóob ci ndox ñi
nangu woona tuub seeni bàkkaar te mu daan wax askanu Israyil
ngir ñu gëm ci ki wara ñëw ci gannaawam. Kooku mooy Yeesu.»
[5] Gannaaw bi ñu déggee loolu, ñu sóob leen ci ndox ci turu Boroom
bi Yeesu. [6] Póol teg leen loxo te Xel mu Sell mi wàcc ci ñoom. Ñu
tàmbali di wax yeneeni kàllaama te di wax ci turu Yàlla. [7] Ñi ñu
sóoboon ci ndox tollu woon nañu ci fukki nit ak ñaar.

### Póol waare na ci dëkku Efes

[8] Gannaaw loolu Póol dugg ci kër-ñaan bi. Noonu muy wax ak
kóolute lu tolloo ci ñetti weer ci lu jëm ci nguuru Yàlla gi, te muy
wuta gëmloo ñi ko doon déglu. [9] Waaye ñenn ci ñoom, ñu dëgër
bopp, baña gëm. Ñuy wax lu bon ci yoonu Boroom bi ci kanamu
mbooloo mi yépp. Póol daldi leen bàyyi te jël taalibe yi, di leen
jàngal bés bu nekk ci bérébu jàngukaay bu Tiranus. [10] Loolu wéy ba
ci diirub ñaari at ba tax ñépp ñi dëkk ci diiwaanu Asi, Yawut yi ak

ñi dul Yawut dégg kàddu Boroom bi.

## Doomu Sewa yi

11 Ci jamono jooju, Yàlla di def kéemaan yu yéeme jaarale ko ci
loxoy Póol. 12 Demoon nañu sax bay jël ay sër walla ay sagar yu
mësoona laal yaramu Póol. Ñu teg ko ci kaw ñu feebar, te noonu,
nit ñi di wér te rab yi di génn ci ñoom. 13-14 Amoon na benn Yawut
bu tudd Sewa, di jébbalkatu-sarax-bu-mag. Moom amoon na
juróom ñaari doom yu góor, yu doon dem dëkk ak dëkk di dàq ay
rab yi nekkoon ci ay nit. Ñoom tamit ñu doon jéema dàq rab yi ci
turu Yeesu, di wax ne: «Maa ngi leen di jox ndigal ci turu Yeesu mi
Póol di waare, génnleen.» 15 Waaye bi ñu ko defee, rab bi tontu leen
ne: «Xam naa Yeesu te xam naa Póol. Waaye yeen, kan ngeen
doon?» 16 Nit ki rab jàppoon daldi leen song te fitnaal leen ba ñu
génn kër gi, yaramu neen ak ay gaañu-gaañu. 17 Loolu siiw ci ñépp
ñi dëkk Efes, ñiy Yawut ak ñiy dul Yawut. Ñépp nekk ci tiitange te
ñuy màggal turu Boroom bi Yeesu.

18 Amoon na ñeneen nit ñu bari yu daan def ay jëf yu bon, waaye
ñëwoon nañu ci ngëm gi. Ñu daldi wax ci kanamu ñépp lépp li ñu
daan def. 19 Ñu bari ci ñi daan luxus, jël seen téere, dajale leen, taal
leen ci kanamu ñépp. Njégu téere yi yépp tolloo woon na ci juróom
fukki junni xànjaru xaalis. 20 Ci noonu kàddu Boroom bi di gëna siiw
ci kàttanu Boroom bi.

## Yëngu-yëngu ci dëkku Efes

21 Gannaaw loolu Póol jàpp ci xelam dem Yerusalem, jaare ko
diiwaanu Maseduwan ak bu Akayi. Muy wax ne: «Gannaaw bu ma
yeggee Yerusalem, war naa dem ba Room tamit.» 22 Noonu mu
yónni ca Maseduwan ñaar ci ñi ko doon jàppale ci liggéey bi,
Timote ak Erast, waaye moom, mu des ay fan ca Asi.

23 Ci jamono boobu yëngu-yëngu bu réy amoon na ndax yoonu
Boroom bi. 24 Amoon benn tëggkatu xaalis bu tudd Demetirus. Mu
doon tëgge xaalis ay yëf yu ndaw yu nirook këru màggalukaayu
Artemis, seen yàlla bu jigéen bi. Loolu andiloon na ko xaalis bu
bari, moom ak ñi mu àndaloon ci liggéey bi. 25 Mu dajale ñi ko daan
liggéeyal ak ñeneen ñiy def liggéey bu niroo ak bosam, ne leen:
«Samay xarit, xam ngeen ne lépp li nu am ci alal, ci liggéey bii lay
jóge. 26 Waaye Póol, mu ngi wax ne yàlla yi nit di defar ci loxoom
nekkul yàlla yu dëgg. Moom xëcc na nit ñu bari ci gëm-gëm boobu,
te yemul rekk ci Efes waaye wasaare na ko fépp ci diiwaanu Asi. Te
yeen, gis ngeen li xew te dégg ko. 27 Loolu mën na tax sunu liggéey
daanu. Waa Asi yépp ak àddina sépp dañuy màggal Artemis ku mag
ki, sunu Yàlla bu jigéen bi te ñuy wormaal këru màggalukaayam.
Njàngale Póol moomu mën na tax nit ñi dootuñu ko wormaal te
dootuñu jaamu Artemis.» 28 Bi ñu déggee loolu, ñu daldi fees ak mer
te tàmbali di yuuxu naan: «Artemis bu Efes ku mag la.» 29 Ci noonu
dëkk bi yépp daldi jaxasoo te ñépp gaawantu jëm ci bérébu
fowukaay bi. Ñu jàpp tamit Gayus ak Aristàrk, ñaar ci waa
Maseduwan, yi doon ànd ak Póol, te yóbbu leen.

30 Póol bëggoon na dem ci kanamu mbooloo mi waaye taalibe yi
tere ko ko. 31 Ñenn ci xaritam yi sax daan liggéey ci nguur ci
diiwaanu Asi, ñu yónnee ci moom ndaw ngir mu ñaan ko mu baña
teg tànkam ci béréb boobu.

32 Ci waxtu boobu ña dajaloo woon foofu di wax ci seen biir, coow
li ne kur. Ñi di yuuxu lii, ñenn ñi di yuuxu leneen. Te ñu bari ci
ñoom xamuñu woon li waral ndaje ba. 33 Amoon na ki ñuy wax
Alegsàndar. Moom la Yawut yi jiitaloon ngir mu layool leen ci
kanamu mbooloo mi. Mu yékkëti loxoom ngir wax ak mbooloo mi,
34 waaye bi mbooloo mi xamee ne moom Yawut la, ñu ànd ñoom

ñépp di yuuxu ci kaw diiru ñaari waxtu, naan: «Artemis bu Efes ku
mag la.»
[35] Bindkatu dëkk bi moo leen mujje noppiloo, ne leen: «Yeen waa
Efes, kan moo xamul ne dëkku Efes mooy garjenu kër Artemis bu
mag bi ak jëmmam bi daanoo ci asamaan? [36] Loolu kenn mënu ko
weddi. Kon nag àndleen ak dal, baña gaawantu, ngeen xalaat bu
baax bala ngeen di jëf. [37] Andi ngeen fi nit ñii, moona sàccuñu dara
ci këru Artemis te saagawuñu sunu yàlla bu jigéen bi. [38] Su fekkee
ne Demetirus ak liggéeykat yi ànd ak moom dañu jote ak kenn,
nañu dem ci yoon, ndaxte am nañu ay bés yi ñuy àtte te am na ay
àttekat. [39] Su ngeen amee leneen li ngeen wara laaj, dinañu ko àtte
ci bésu daje bi. [40] Ragal naa ne nguuru Room dinañu jàppe ne nun
nooy ñiy yëngal dëkk bi, ndax li xew tey. Bu loolu amee, amunu
lenn lu nu mëna lay ngir wone li waral lii.» Gannaaw bi mu leen
waxee kàddu yooyu mu yewwi mbooloo ma.

## 20

### Póol tukki na ci diiwaanu Maseduwan ak ci réewu Geres

[1] Bi yëngu-yëngu yooyu dalee, Póol dajale taalibe yi, ñaax leen, te
tàggoo ak ñoom. Gannaaw loolu mu jóge fa ngir dem diiwaanu
Maseduwan. [2] Noonu mu wër ci diiwaan boobu, di ñaax mbokki
gëmkat yi ak kàddu yu bari. Gannaaw loolu mu dem réewu Geres,
[3] des fa ñetti weer. Bi mu bëggee dugg gaal ngir dem diiwaanu Siri,
Yawut yi di ko fexeel. Mu yég ko. Noonu mu jël dogal jaaraat
Maseduwan. [4] Ñii la àndaloon: Sopater di doomu Pirus mi cosaanoo
dëkku Bere; Aristàrk ak Sekundus, di waa dëkku Tesalonig; Gayus
mi dëkk Derbe; Timote; ak tamit Tisig ak Torofim, ñiy waa
diiwaanu Asi. [5] Ñooñu ñoo jiituwoon te di nu xaar ca dëkku
Torowas. [6] Nun nag dugge nanu gaal ci dëkku Filib gannaaw

màggalu mburu mu amul lawiir wi. Gannaaw juróomi fan ci géej gi,
nu fekki leen ca Torowas. Nu def fa juróom ñaari fan.

### Póol dekkil na Ëtikus ci turu Yeesu

7 Dimaas dajaloo nanu di damm mburu mi. Noonu Póol am
waxtaan ak taalibe yi te wéyal njàngaleem ba xaaju guddi ndaxte
moom dafa waroona wéyal tukkeem ca ëllëg sa. 8 Amoon na làmp
yu bari ci néeg bi ñu dajaloo woon te mu féete ci kaw. 9 Mu am benn
waxambaane bu tudd Ëtikus te toogoon ci catu palanteer bi. Mu
jàppante ak nelaw bi Póol di wéy ci njàngaleem. Nelawam xóot ba
tax mu jóge ci ñetteelu taax ba, daanu ci suuf. Bi ñu ko yékkëtee,
fekk dee na. 10 Póol daldi wàcc, mu tiim ko, jël ko ci ay loxoom te
wax ne: «Dalleen ndaxte mu ngi dund.» 11 Noonu bu mu yéegaatee,
mu damm mburu mi te nu lekk. Mu wéyaat di wax ba bët set, mu
daldi dem. 12 Waxambaane bi nag, ñu yóbbu ko këram, muy dund.
Te ñépp seen xel dal ci bu baax.

### Tukki Póol ci dëkku Torowas ba ci dëkku Mile

13 Gannaaw loolu nu jiitu Póol, nu jël gaal ngir dem dëkku Asos fi
mu waxoon nu fekk ko, waaye moom ci boppam dafa bëggoona dox
ba yegsi fa. 14 Bi mu nu dabee ci Asos, nu jël ko ci gaal gi te nu dem
dëkku Mitilen. 15 Nu jóge fa, jëlaat géej gi. Ci ëllëg sa, nu yegsi ci
kanamu Kiyos di réew mu ndox wër. Gannaaw ëllëg sa nu yegsi ci
Samos, di dëkk bu ndox wër, te ci ñeenteelu fan ba nu yegsi ci
dëkku Mile. 16 Póol jëloon na dogal romb Efes te bañ fa taxaw di
ñàkk ay fan ci diiwaanu Asi, ndaxte moom dafa yàkkamti woon
ngir yegg Yerusalem ci bésu Pàntakot bi, su mënee nekk.

### Póol tàggoo na ak njiiti mbooloo ñi gëm ci Efes

17 Bi mu nekkee ci dëkku Mile, Póol yónnee na ci Efes ngir ñu
woolu njiiti mbooloom ñi gëm. 18 Bi ñu yegsee ci moom mu ne leen:

«Xam ngeen bu baax ni ma meloon ak yeen ci waxtu yépp yi ma
nekke woon ak yeen dale ko ci bés bi ma jëkka teg tànk ci diiwaanu
Asi. [19] Dama doon liggéeyal Boroom bi ci suufeelu ak ci ay rongooñ
ci diggi jafe-jafe yi ma dund jaarale ko ci pexey Yawut yi. [20] Xam
ngeen ne man nëbbuma leen dara ci li leen di jural njériñ. Yégal
naa leen lépp te jàngal naa leen ci kanamu mbooloo yi ak ci seen
kër yi. [21] Noppiwuma di yégal Yawut yi ak ñi dul Yawut ngir ñu tuub
seeni bàkkaar te ñëw ci Yàlla te gëm ci Yeesu sunu Boroom.
[22] «Léegi nag, xoolleen! Xel mu Sell mi moo ma xiir, ma dem
Yerusalem, wànte xamuma lan moo ma fay xaar. [23] Xam naa rekk
ne, Xel mu Sell mi moo may artu ci dëkk ak dëkk ne kaso ak metit
ñoo may xaar. [24] Waaye sama dund amul solo ci man. Li ma soxal
rekk mooy bey sama sas ba matal liggéey bi ma Boroom bi Yeesu
dénk maanaam yégle xibaar bu baax biy wone yiwu Yàlla.
[25] «Léegi nag xam naa ne dootuleen gis sama xar kanam, yeen
ñépp ñi ma doon waare nguuru Yàlla gi. [26] Moo tax maa ngi leen
koy wax tey ji: def naa lépp li ma mënoon. Su kenn ci yeen réeree
doonatuma ci dara, [27] ndaxte xamal naa leen tëralinu Yàlla bépp te
nëbbuma leen ci dara. [28] Sàmmleen nag seen bopp ak gétt gi leen
Xel mu Sell mi dénk ngir ngeen sàmm ko, maanaam mbooloom ñi
gëm bi Yàlla moom, te jotal ko boppam jaarale ko ci deretu
doomam. [29] Xam naa ne bu ma leen wonee gannaaw, ay nit dinañu
dugg ci seen biir, mel ni ay bukki yu soxor te duñu am yërmande ci
gétt gi. [30] Ci seen biir sax dina am ay nit yuy wax lu dul dëgg ngir
xiir taalibe yi ñu topp leen. [31] Moytuleen nag, te ngeen fàttaliku ne
lu tollu ci ñetti at, guddi ak bëccëg, maa ngi doon artu ku nekk ci
yeen ak ay rongooñ.
[32] «Léegi nag dénk naa leen Yàlla, moom ak kàddug yiwam. Moo
am doole dëgëral leen ngir ngeen mëna jot ndono bi mu dencal

ñépp ñi mu moom. [33] Xemmemuma xaalisu kenn, walla wurusam
walla yéreem. [34] Yeen ci seen bopp xam ngeen ne dama doon
liggéey ci samay loxo ngir faj samay soxla ak soxla ñi ma àndal.
[35] Won naa leen ci lépp ne nii ngeen wara liggéeye ngir dimbale
néew di doole yi. Nanu fàttaliku kàddu Boroom bi Yeesu bi mu
waxee moom ci boppam ne: "Joxe moo ëpp barke nangu."»
[36] Gannaaw bi mu waxee loolu, mu daldi sukk di ñaan ak ñépp.
[37] Noonu ñépp di jooy te laxasu ci baatu Póol, di ko fóon. [38] Li leen
gëna yokk tiis mooy li mu leen wax ne dootuñu gis xar-kanamam.
Gannaaw loolu ñu gunge ko ba ci gaal bi.

# 21

## Póol ci yoonu Yerusalem

[1] Gannaaw bi nu tàggatoo ak ñoom, danu jël gaal jublu Kos di réew
mu ndox wër. Ca ëllëg sa ñu wéyal sunu yoon ba yegsi dëkku Rodd.
Nu jaare foofu, dem dëkku Patara. [2] Nu fekk fa gaal buy dem
diiwaanu Fenisi. Nu yéeg ci, dem. [3] Bi nu demee bay séen Sippar di
réew mu ndox wër, nu romb ko, mu féete nu càmmoñ. Nu wéyal
sunu yoon, dem booru diiwaanu Siri, ngir mëna wàcc dëkku Tir, fi
gaal gi waroona wàcce li mu yeboon. [4] Nu seet fa ba gis ay taalibe te
des ak ñoom lu tollu ci juróom ñaari fan. Xel mu Sell mi xiir leen ñu
wax Póol ngir mu baña dem Yerusalem. [5] Waaye bi juróom ñaari fan
yi matee, nu jóg ngir wéyal sunu yoon. Ñu gunge nu, ñoom ñépp ak
seen jabar yi ak seen doom yi ba nu génn dëkk ba tuuti. Foofu nu
sukk ci tefes gi ngir ñaan. [6] Gannaaw loolu, nu tàggatoo. Nun nu
yéeg gaal ga, ñoom ñu ñibbi.
[7] Gannaaw loolu nu jóge Tir te dem dëkku Patolemayis. Noonu nu
jeexal sunu tukki ci géej gi. Ci Patolemayis nu nuyu sunu mbokki
gëmkat yi te yendook ñoom. [8] Ci ëllëg si nu jóge foofu, dem Sesare,

dal kër Filib, waarekatu xibaar bu baax bi. Filib bokkoon ci juróom
ñaari nit ñi ñu tànnoon ci Yerusalem. 9 Amoon na ñeenti doom yu
jigéen yu xamul góor te ñu nekkoon ay yonent.
10 Bi nu fa nekkee ay fan, benn yonent bu tudd Agabus ñëw. Mu
ngi jóge woon diiwaanu Yude. 11 Bi mu yegsee ci nun, mu jël
takkukaayu ndiggu Póol, mu takk loxoom yi ak tànkam yi. Mu ne:
«Xoolleen! Lii la Xel mu Sell mi wax: "ki moom takkukaayu ndigg
bii, Yawut yi dinañu ko takke nii ci Yerusalem, jébbal ko ñi dul
Yawut."» 12 Bi nu déggee loolu, nun ak waa Sesare, nu ñaan Póol
ngir mu baña dem Yerusalem. 13 Waaye mu tontu nu ne: «Lan ngeen
di def nii, di jooy, di jeexal sama xol. Waaj naa, du rekk ngir ñu
yeew ma, waaye taxaw naa ngir dee ca Yerusalem ndax turu
Boroom bi Yeesu.» 14 Gannaaw mënunu woon tax mu soppi
xalaatam, nu bàyyi di ko ñaan te wax ne: «Na coobarey Boroom bi
am.»
15 Nu teg ca ay fan, nu waaj, daldi tegu ci yoonu Yerusalem. 16 Ay
taalibe yu dëkk Sesare gunge nu ci kër benn waay bu nu wara dalal
ku tudd Manason. Waa Sippar la woon te yàgg na nekk taalibe.

### Póol daje na ak njiiti mbooloo ñi gëm ci Yerusalem

17 Bi nu yegsee ca Yerusalem mbokki gëmkat yi dalal nu ak
mbégte. 18 Ci ëllëg sa nu ànd ak Póol seeti Saag, fekk njiiti mbooloo
ñi gëm yépp dajaloo fa. 19 Ba leen Póol nuyoo ba noppi, mu daldi
leen benn-bennal lépp li Yàlla def ci biir ñi dul Yawut jaarale ko ci
liggéeyam.
20 Ba ñu déggee loolu, ñu màggal Yàlla, ba noppi, ñu wax Póol ne:
«Mbokk mi, gis nga ne am na ay junni Yawut yu gëm ci Yeesu te
ñoom ñépp takku nañu lool ci yoonu Musaa. 21 Ñoom, dégg nañu ne
Yawut yépp yi dëkk ci biir ñi dul Yawut, yaa ngi leen di jàngal ñu
bàyyi li yoonu Musaa santaane, di leen wax ñu baña xarafal seeni

doom ak ñu baña topp aada Yawut yi. [22] Lan lanu wara def nag?
Ndaxte dinañu yég ne ñëw nga. [23] Kon nag nu ngi lay digal nga def
nii: am na ci sunu biir ñeenti góor ñu am lu ñu waataloon Yàlla.
[24] Jël leen ak yaw te ngeen bokk setal seen bopp te nga feyal leen
ngir ñu wat seen bopp yi. Noonu ñépp dinañu xam ne li ñu doon
wax ci yaw du dëgg, te dinañu xam tamit ne yaa ngi topp tey xool
tëralin yoonu Musaa yi. [25] Ci lu jëm ci ñi dul Yawut te gëm ci Yeesu,
bindoon nanu leen ngir wax leen li ñu warula def, maanaam, ñu
moytu lekk yàppu jur bu ñu saraxe ci xërëm yi, ak deret, ak yàppu
jur yu ñu rey te deret tuuruwul, ak njaaloo.»
[26] Ci ëllëg sa Póol ànd ak ñeenti nit ñi ngir bokk ak ñoom setal seen
bopp. Ba noppi, ñu dugg kër-Yàlla gi ngir mu yégle fa ban bés la
setal bi di mat, maanaam bés bi ñu wara defal sarax ngir ku nekk ci
ñoom.

### Benn kommandaŋu soldaar bu waa Room jàpp na Póol

[27] Bi juróom ñaari fan yi ñu doon setal seen bopp di waaja jeex, mu
am ay Yawut yu jóge Asi ñëw Yerusalem. Bi ñu gisee Póol ci ëttu
kër-Yàlla gi, ñu jógloo mbooloo mi te ñu jàpp ko. [28] Ñuy yuuxu
naan: «Yeen waa Israyil walluleen nu. Xoolleen! Waa ji mooy ki
waare fépp ak ci ñépp di suufeel sunu askan wi, ak yoonu Musaa ak
kër-Yàlla gi. Te léegi sax dugal na ñi dul Yawut ci kër-Yàlla gi te di
tilimal béréb bu sell bi.» [29] Li taxoon ñu wax loolu mooy ne dañu gis
Póol ci dëkk bi, mu ànd ak Torofim mi dëkk Efes. Ñu yaakaar ne
Póol da koo dugal ci biir kër-Yàlla gi.
[30] Dëkk bi yépp jaxasoo te askan bi di jóge ci bor bu nekk. Ñu jàpp
Póol, diri ko, génne ko ci kër-Yàlla gi. Ñu tëj bunt yi ci saa si. [31] Bi
ñu koy wuta rey, kommandaŋ soldaaru Room yég ne Yerusalem
yépp dafa jaxasoo. [32] Ci saa si, mu daldi jël ay njiiti soldaar ak ay
soldaar, ñu daw jëm ci mbooloo mi. Bi mbooloo mi gisee

kommandaŋ bi ak soldaar yi ñu bàyyi dóor Póol. 33 Noonu
kommandaŋ bi daldi jegesi te jàpp Póol. Mu jox soldaar yi ndigal ñu
takk ko ñaari ceen, ba noppi mu laajte ne: «Kii mooy kan ak lan la
def?» 34 Waaye ci biir mbooloo mi, ñii di wax lii, ñeneen ñi di wax
leneen ba tax kommandaŋ bi mënula xam dara lu leer ndax coow li.
Noonu mu jox ndigal ngir ñu yóbbu ko ci biir làquwaay bi, di béréb
bi soldaar yi doon nekk. 35 Bi Póol tàmbalee yéeg yéegukaay bi,
soldaar yi mujje ko yékkëti ndax soxoraayu mbooloo mi. 36 Ndaxte
askan bi yépp dañu ko doon topp di yuuxu naan: «Na dee!»

### Kàdduy Póol ci kanamu mbooloo mi ci Yerusalem

37 Ci waxtu bi ñuy waaja dugal Póol ci làquwaay bi, mu ne
kommandaŋ bi: «Ndax mën naa la wax dara?» Mu tontu ko ne:
«Kon danga dégg Gereg! 38 Du yaw yaa nekk waa jooju jóge Misra te
taxoon nit ñii fippu, yóbbaale lu tollook ñeenti junniy fippukat ci
màndiŋ bi?» 39 Póol ne ko: «Déedéet. Yawut laa bu juddoo Tàrs di
dëkk bu am solo te nekk ci diiwaanu Silisi. May ma, ma wax ak
mbooloo mi, ñaan naa la ko.»

40 Kommandaŋ bi may ko ko. Póol taxaw ci yéegukaay bi te tàllal
loxoom mbooloo mi. Ñépp ne tekk. Póol daldi wax ci kàllaama
Yawut yi, ne leen:

## 22

1 «Yeen sama mbokk yi ak baay yi, dégluleen ma léegi, ma wax ngir
setal sama der.» 2 Ba ñu déggee muy wax ci kàllaama Yawut ñu
daldi gëna dal. Póol daldi ne: 3 «Man Yawut laa bu juddoo ci Tàrs ci
Silisi, waaye fii laa yaroo, ci dëkk bii. Gamalyel moo nekkoon sama
jàngalekat te xamal na ma ni mu ware yoonu sunu maam yi. Takku
woon na ci Yàlla lool, ni ngeen ci mel, yeen ñépp, tey. 4 Fitnaal naa
ay nit ñi doon topp yoonu Yeesu, ba ñenn ñi dee ci. Jàpp naa ay

góor ak ay jigéen te yóbbu leen ci kaso. [5] Jébbalkatu-sarax-bu-mag
bi ak magi sunu askan mën nañu seede ne li may wax dëgg la. Ma
jot ci ñoom bataaxal bi ñu bind ngir sunu mbokk yi nekk ci dëkku
Damaas. Dem naa foofu ngir ma jàpp nit ñu doon topp yoon boobu
te yóbbu leen ca Yerusalem ngir yar leen.
[6] «Bi ma nekkee ci yoon di dem te jegesi Damaas, ci diggu bëccëg,
leer gu mag daldi jóge asamaan wër ma ci saa si. [7] Ma daanu ci suuf
te dégg benn baat bi may wax: "Sóol, Sóol lu tax nga may fitnaal?"
[8] Ma laaj ko: "Yaw la kan, Boroom bi?" Mu ne ma: "Man la Yeesu mu
Nasaret, mi ngay fitnaal." [9] Ñi nekkoon ak man gis nañu leer gi
waaye mënuñu woona dégg baatu ki doon wax ak man. [10] Noonu ma
ne: "Lan laa wara def, Boroom bi?" Boroom bi ne ma: "Jógal te nga
dem Damaas, te foofu dinañu la wax lépp li nga wara def."
[11] Gannaaw gisatuma woon dara ndax melaxaayu leer gi, ñi
nekkoon ak man jàpp ma ci loxo te yóbbu ma ba Damaas.
[12] «Amoon na benn waay bu tuddoon Anañas, nit ku takku ci Yàlla
di déggal yoonu Musaa, te Yawut yi nekk Damaas yépp doon nañu
seede lu baax ci moom. [13] Mu ñëw, taxaw ci sama wet te ne ma:
"Sóol sama mbokk, gisaatal." Ci saa si ma daldi gisaat te ma gis ko.
[14] Mu ne ma: "Yàllay sunuy maam moo la tànn ngir nga xam
coobareem te nga gis Ku Jub ki te nga mëna dégg baatam, [15] ndaxte
dinga nekk seedeem ci kanamu nit ñi ñépp ngir yégal leen li nga gis
te dégg ko. [16] Léegi nag, lan ngay xaar? Jógal ñu sóob la ci ndox te
nga woo turu Boroom bi ngir mu setal say bàkkaar."
[17] «Ba ma delloo Yerusalem, benn bés may ñaan ci ëttu kër-Yàlla
gi, ma daldi am gis-gis. [18] Boroom bi feeñu ma te ne ma: "Gaawantul
génn Yerusalem ndaxte waa dëkk bi duñu nangu sa seede ci lu jëm
ci man." [19] Ma tontu ko ne: "Boroom bi, ñoom xam nañu ne man
maa doon wër ci kër-ñaan yi, di seet ñi la gëm ngir tëj leen ci kaso

bi te dóor leen ay yar. 20 Bi ñu doon tuur deretu Eccen, sa seede,
fekke woon naa ko, te àndoon naa ci li ñu doon def, te maa téye
woon yére ñi ko doon rey." 21 Waaye Boroom bi ne ma: "Demal
ndaxte dama la yónni fu sori ci ñi nekkul Yawut."»
22 Mbooloo ma déglu ko ba ma yegg ci kàddu yooyu. Noonu ñu
yékkëti seen baat te ne: «Jëleleen nit kii ci suuf si, ndaxte ku mel
nii, yelloowul dund.» 23 Ñu yuuxu, sànni seen yére, te tibb suuf si,
sànni ci kaw. 24 Kommandaŋ bi joxe ndigal ñu dugal Póol ci biir
làquwaay bi, te dóor ko ay yar ba mu wax, mu xam lu tax mbooloo
mi doon ko yuuxoo noonu. 25 Bi ñu koy takk ngir dóor ko, Póol daldi
wax njiitu soldaar bi fa nekkoon, ne: «Ndax am ngeen sañ-sañu
dóor ay yar nit ku bokk ci waa Room te fekk ne yoon daanu ko.»
26 Bi mu déggee loolu njiitu soldaar bi daldi dem nettali loolu
kommandaŋ bi, ne ko: «Lan ngay def? Nit kii waa Room la.»
27 Kommandaŋ bi ñëw ci Póol, mu laaj ko ne: «Wax ma, ndax waa
Room nga?» Mu tontu ko ne: «Waaw». 28 Kommandaŋ bi ne ko:
«Man xaalis bu bari laa fay ngir mëna bokk ci waa Room.» Póol ne
ko: «Man nag dama ko judduwaale.» 29 Ci saa si, ñi ko naroona dóor
ngir mu wax daldi ko sori. Kommandaŋ bi ci boppam daldi ragal bi
mu xamee ne Póol waa Room la te mu joxe woon ndigal ngir ñu
takk ko.

## Póol ci kanamu magi Yawut yi

30 Ci ëllëg sa, kommandaŋ bi bëggoon na gëna xam ci dëgg-dëgg
lan la Yawut yi doon tuumaale Póol. Mu santaane ñu tekki Póol te
joxe ndigal ne njiitu-jébbalkati-sarax yi ak kurélu àttekatu Yawut
yi daje. Noonu mu andi Póol te teg ko ci seen kanam.

# 23

1 Póol xool ñi bokk ci kurél bi, ne leen jàkk, te wax leen ne: «Mbokk
yu góor yi, ci li ma jota dund yépp ba tey, amul lenn lu ma sama xel
di ŋàññe ci kanamu Yàlla.»
2 Anañas, di jébbalkatu-sarax-bu-mag bi, joxe ndigal ñi jege woon
Póol ngir ñu dóor ko ci gémmiñ. 3 Póol daldi ne: «Yàlla dina la dóor,
yaw naaféq bi, mel ni miir bu ñu weexal. Danga toog ngir àtte ma ci
yoon waaye yaa ngi moy yoon, ngay joxe ndigal ngir ñu dóor ma.»
4 Ña nekkoon ca wetam ne ko: «Póol, ndax sañ nga saaga
jébbalkatu-sarax-bu-mag bi Yàlla fal.» 5 Póol daldi ne: «Mbokk yi,
xamuma woon ne moom mooy jébbalkatu-sarax-bu-mag bi, ndaxte
Mbind mi nee na: "Doo wax lu ñaaw sa njiitu askan."»
6 Póol xamoon na ne ci ëttu àttekaay bi amoon na ñi bokk ci tarixa
Sadusen ak ñi bokk ci tarixa Farisen. Looloo tax mu yuuxu naan:
«Samay mbokk, man Farisen laa, di doomu Farisen. Dañu may àtte
ndax ni ma ame yaakaar ne ñi dee dinañu dekki.» 7 Bi mu waxee
kàddu yooyu, ci la yékkëti ab werante ci diggante Farisen yi ak
Sadusen yi, te noonu mbooloo mi daldi xaajaloo ñaar, 8 ndaxte
Sadusen yi dañoo jàpp ne ku dee du dekki, te malaaka amul, rab
amul. Farisen yi nag gëm nañu ci ñetti yooyu yépp. 9 Noonu mu
daldi am coow lu réy, te ñenn ci jàngalekati-yoonu-Musaa yi bokk
ci Farisen yi, ñu daldi jóg te wax ak doole di naan: «Gisunu dara lu
bon ci nit kii. Mën na am rab walla malaaka moo wax ak moom.»
10 Werante bi gëna metti ba kommandaŋ bi ragal ñu daggaate
Póol. Mu daldi jox ndigal soldaar yi ngir ñu ñëw génne Póol ci seen
biir te yóbbu ko ci làquwaay bi.
11 Ci guddi gi ci topp, Boroom bi feeñu Póol te ne ko: «Takkal sa fit,
ndaxte ni nga nekke sama seede ci Yerusalem, fàww tamit nga nekk
ko ca dëkku Room.»

### Muccal nañu Póol ci pexe bi Yawut yi tegoon ngir rey ko

12 Ci ëllëg sa ci suba si, Yawut yi di lal pexe: ñu waat baña lekk,
baña naan ba keroog ñuy rey Póol. 13 Ñi nga xamante ne ñoo doon
lal pexe yooyu, ëppoon nañu ñeent fukki nit. 14 Noonu ñu dem fekki
njiiti-jébbalkati-sarax yi ak mag ñi te wax leen ne: «Nun ci sunu
bopp waat nañu ne dunu lekk, dunu naan feek reyunu Póol. 15 Léegi
nag, yeen ak kurélu àttekat yépp, ñaanleen kommandaŋ bi mu andi
Póol ci seen kanam. Ngeen mel ni dangeena bëgga seetaat mbiram
ba mu gëna leer. Te nun, waajal nanu sunu bopp ngir rey ko laata
muy yegsi fii.»

16 Waaye jarbaatu Póol déggoon na pexe bi ñu doon lal. Mu dem ci
làquwaayu soldaar yi, dugg ci biir, te nettali ko Póol. 17 Póol woo
benn njiitu soldaar te ne ko: «Yóbbul ma waxambaane bi ci
kommandaŋ bi ndaxte am na lu mu ko wara wax.»

18 Noonu mu jël ko te yóbbu ko ci kanamu kommandaŋ bi te ne ko:
«Póol mi ñu tëj ci kaso bi moo ma woo te ñaan ma ngir ma andi
waxambaane bii ndaxte dafa am lu mu la wara wax.» 19 Kommandaŋ
bi jël ko ci loxoom, wéetoo ak moom. Mu laaj ko: «Lan nga ma
bëgga wax?» 20 Mu tontu ko: «Yawut yi gise nañu ci seen biir ngir
ñaan la ëllëg nga andi Póol ci kanamu kurélu àttekat yi, mel ni
dañu bëgga seetaat mbiram ba mu gëna leer. 21 Bu leen gëm, ndaxte
lu ëpp ñeent fukki nit ñoo wat ne duñu lekk, duñu naan feek
reyuñu ko. Léegi nag waaj nañu te xaaruñu lu dul yaw nga nangu.»
22 Kommandaŋ bi bàyyi waxambaane bi mu dem, waaye mu tere ko
mu wax kenn li mu ko nettali.

23 Noonu mu daldi woo ñaar ci njiitu soldaar yi, ne leen:
«Dajaleleen ñaar téeméeri soldaar, ak juróom ñaar fukki soldaar
yiy war fas, ak yeneen ñaar téeméeri soldaar yu gànnaayoo xeej.
Waajalleen ngir dem dëkku Sesare ci juróom ñeenti waxtu ci guddi.

24 Waajalleen itam fas bu Póol wara yéeg ngir yóbbu ko ci jàmm ba
ci Feligsë kilifa diiwaan bi.»
25 Kommandaŋ bi daldi bind bataaxal bii: 26 «Feligsë mu tedd mi,
yaw mi yor kilifteef bi, man Këlódd Lisiyas maa lay nuyu. 27 Nit ki
ma la yónnee, Yawut yi ñoo ko jàppoon, te naroon ko rey. Bi ma
yégee ne waa Room la, ci laa ñëw, man ak samay soldaar, ngir
wallusi ko. 28 Ma yóbbu ko ci kanamu kurélu àttekati Yawut yi
ndaxte bëggoon naa xam li ñu koy tuumaale. 29 Gis naa ne dañu
doon werante ci lu jëm ci seen yoonu bopp, moo tax ñu tuumaal ko.
Waaye deful woon dara lu jar ñu koy rey walla ñu koy tëj ci kaso.
30 Dégg naa ne Yawut yi dañu ko doon fexeel, moo tax ma andil la
ko ni mu gëna gaawe. Ma wax ñi koy tuumaal ñu ñëw layoo ak
moom ci sa kanam.»
31 Soldaar yi ci ndigal gi ñu jot, ñu jël Póol te yóbbu ko ba ca dëkku
Antipataris ci guddi googu. 32 Ci ëllëg sa soldaar yi doon dox dellu ci
làquwaay bi. Ñu bàyyi soldaar yi doon war fas, ñu wéy di gunge
Póol. 33 Ba ñu yegsee ca Sesare soldaar yiy war fas daldi jox bataaxal
bi kilifa diiwaan bi te jébbal ko Póol. 34 Kilifa diiwaan bi, ba mu
jàngee bataaxal bi ba noppi, mu laajte ci ban diiwaan la Póol bokk.
Ba mu déggee ne mu ngi jóge ci Silisi, 35 mu ne ko: «Ñi la tuumaal,
bu ñu yegsee, dinaa la déglu.» Noonu mu joxe ndigal ñu fat Póol ci
kër kilifa, bi buur Erodd bu mag tabaxoon.

# 24

## Póol layoo na ci kanamu Feligsë, kilifa diiwaan bi

1 Juróomi fan gannaaw loolu, Anañas di jébbalkatu-sarax-bu-mag
bi ñëw Sesare, ànd ak ñenn ci magi Yawut yi ak benn layookat bu
tudd Tertul. Ñu dem ci kanamu kilifa diiwaan bi ngir tuumaal Póol.
2-3 Feligsë joxe ndigal ngir ñu andi Póol te Tertul tàmbali di wax,

naan: «Yaw Feligsë mu tedd mi, yaa tax nuy dund jàmm ju mat
sëkk. Say xalaat yu rafet yi ngay jiite moo waral nu am ay coppite
yu baax ci sunu askan. Ngir loolu lépp nuy dund ci waxtu bu nekk
ak fépp fu mu mëna nekk, nu ngi lay jaajëfal. [4] Waaye ngir bañ la
téye lu yàgg maa ngi lay ñaan ci sa mbaaxaay nga déglu nu ci ay
waxtu yu néew. [5] Nun gis nanu ne nit kii, ku bon la ci askan bi. Mu
ngi jógloo Yawut yi ci àddina si yépp. Moom mooy njiitu tarixa
Nasareen yi, [6-7] te moom jéem na sax di tilimal kër-Yàlla gu sell gi.
Ci noonu lanu ko jàppe. [8] Yaw ci sa bopp, boo ko laajee dinga xam
ne mbir yi nu koy tuumaal yépp dëgg la.» [9] Yawut yi dëgëral waxu
tuumaal yi, ne: «Li Tertul wax, noonu la.»
[10] Kilifa diiwaan bi won Póol ne mu mëna wax, noonu Póol ne:
«Xam naa ne ci diiru at yu bari yaa ngi àtte xeet bii moo tax ma am
kóolute ngir setal sama der ci sa kanam. [11] Mën nga gëstu yaw ci sa
bopp ne ëppul fukki fan ak ñaar demoon naa Yerusalem ngir
màggal fa Yàlla. [12] Kenn gisu ma, may xuloo ak kenn walla may
jógloo mbooloo mi, muy ci kër-Yàlla gi, ci kër-ñaan yi, walla ci dëkk
bi. [13] Nit ñii mënuñu la won lenn luy firndeel li ñu may tuumaal
léegi. [14] Waaye lenn déy, mën naa ko nangu ci sa kanam: Damay
jaamu Yàllay sunuy maam di topp yoon bi ñu jàpp ne nekkul dëgg.
Waaye gëm naa yoonu Musaa ak lépp li yonent yi bindoon. [15] Am
naa yaakaar ci Yàlla, te ñoom tamit am nañu yaakaar boobu, ne ñu
dee ñi dinañu dekki, muy ñu jub ñi walla ñu jubadi ñi. [16] Loolu moo
tax may góor-góorlu saa su nekk ngir baña am lenn lu ma sama xel
di ŋàññe ci kanamu Yàlla ak ci kanamu nit ñi.
[17] «Gannaaw bi ma gëjee Yerusalem ay at yu bari ñëwaat naa ci
sama xeet ngir jàppale leen ak xaalis te jébbal Yàlla ay sarax. [18-
19] Yenn Yawut yi jóge woon diiwaanu Asi, loolu lañu fekk may def ci
ëttu kër-Yàlla gi gannaaw bi ma matalee warugaru setal bi. Amul

woon mbooloo walla yëngu-yëngu. Ñoom kay ñoo waroona ñëw ci
sa kanam te tuumaal ma, bu ñu amee dara lu ñu may toppe. [20] Walla
ñi nekk fii te doon ma laaj bi ma taxawee ci kanamu kurélu àttekat
yi, nañu jóg te wax ban ñaawteef lañu gis ci man lu jar daan,
[21] xanaa ngir li ma waxoon ak baat bu kawe ci seen biir, ne: "Dañu
may àtte ndax ni ma ame yaakaar ne ñi dee dinañu dekki."»
[22] Feligsë moom mi xamoon bu wóor ci lu jëm ci yoonu Yeesu, mu
taxawal àtte bi, mu naan: «Bu kommandaŋ Lisiyas ñëwee dinaa jël
dogal ci seen mbir.» [23] Gannaaw loolu mu sant njiitu soldaar bi
wottu Póol mu denc ko ci kaso bi te bàyyi ko mu féex. Ay nitam
tamit mën di ko toppatoo.
[24] Noonu mu teg ca ay fan. Feligsë ñëw ànd ak soxnaam Dursil mi
nekkoon Yawut. Mu woo Póol te mu koy déglu mu wax ci lu jëm ci
ngëm gi ci Yeesu Almasi bi. [25] Waaye bi Póol waxee ba àgg ci
mbirum njubte, téye sa bopp, ak ci mbirum àtte bi wara ñëw,
Feligsë daldi tiit. Mu ne ko: «Ngir tey doy na. Mën nga dem. Su ma
amee jot dinaa la woowaat.» [26] Mu doon dunde yaakaar ne Póol da
koy jox xaalis ngir neexal ko. Loolu moo tax mu koy faral di woolu
ngir waxtaan ak moom. [27] Teg ci ñaari at, ku ñuy wax Porsiyus
Festus wuutu Feligsë. Waaye Feligsë bàyyi Póol ci kaso bi ndaxte
dafa bëggoona neex Yawut yi.

# 25

## Póol layoo na ci kanamu Festus, kilifa diiwaan bi

[1] Ñetti fan gannaaw bi Festus yegsee ci diiwaan bi, mu jóge dëkku
Sesare, dem dëkku Yerusalem. [2] Njiiti-jébbalkati-sarax yi ak njiiti
askanu Yawut yi ñëw ci kanamam di kalaame Póol. [3] Ñu ñaan Festus
ngir mu may leen ñu andi Póol Yerusalem, ndaxte dañu ko doon
fexe rey ci yoon bi. [4] Waaye Festus tontu leen ne: «Póol mu ngi ci

Sesare, ñu tëj ko ca kaso ba, te man ci sama bopp, léegi ma dellu fa.
5 Na ay njiit yu bokk ci yeen ànd ak man ci Sesare, te ñu tuumaal ko
fa su fekkee dafa def lu bon.» 6 Festus am fa juróom ñett ba fukki
fan ak ñoom, te mu dellu Sesare. Ci ëllëg si mu toog ci baŋu
àttekaayam te joxe ndigal ngir ñu andi Póol. 7 Bi mu yegsee, Yawut
yi jóge woon Yerusalem wër ko te di ko tuumaal ci mbir yu bari te
doy war, waaye amuñu woon ay firnde ngir wone ko. 8 Póol jël
kàddu gi ngir setal deram, ne: «Defuma dara lu ñaaw jëmale ko ci
yoonu Yawut yi, ci kër-Yàlla gi, walla ci Sesaar.» 9 Festus, bëggoon
na neex Yawut yi. Ci noonu mu laaj Póol ne: «Ndax bëggoo dem
Yerusalem, ñu àtte la fa ci mbir yi ci sama kanam?» 10 Póol tontu ne:
«Maa ngi taxaw ci àttekaayu Sesaar te fii lañu ma wara àtte.
Tooñuma Yawut yi, ni nga ko xame bu baax yaw ci sa bopp. 11 Su
fekkee def na lenn lu ñaaw walla lu jar dee, bañuma dee. Waaye su
fekkee mbir yu ñu may tuumaal, benn dëgg amu ci, kenn sañu ma
jébbal ci loxoy ñi may tuumaal. Dénk naa Sesaar sama mbir.»
12 Festus, gannaaw bi mu gisee ak ñi ko wër, mu tontu ko ne: «Dénk
nga Sesaar sa mbir, kon nag dinga dem ci kanamu Sesaar.»

### Festus ak buur Àggripa waxtaan nañu ci lu jëm ci Póol

13 Ay fan gannaaw loolu buur Àggripa ak jigéenam Berenis ñëw ci
dëkku Sesare ngir nuyu Festus. 14 Gannaaw desoon nañu fa ay fan
yu bari, Festus wax ak buur Àggripa lu jëm ci Póol. Mu ne ko: «Am
na fi benn waay bu Feligsë bàyyi ci kaso bi. 15 Bi ma demee
Yerusalem njiiti-jébbalkati-sarax yi ak magi Yawut yi ñëw nañu di
ko kalaame. Ñu wax ma ngir ma daan ko. 16 Ma tontu leen ne nekkul
ci aaday waa Room ñu jébbal kenn ci anam boobu. Ku ñu tuumaal
dafa wara daje ak ñi koy tuumaal te mu am sañ-sañu wax ci li ñu
koy tuumaal. 17 Noonu njiiti askan bi ñëw nañu ba fii ak man te
xaaruma lu yàgg. Bés bi ci topp toog naa ci sama baŋu àttekaay te

joxe ndigal ngir nu andi nit kooku. [18] Ñi ko doon tuumaal yegsi,
waaye teguñu ci kawam benn ñaawteef ni ma ko yaakaare woon.
[19] Nekkul woon dara lu dul werante lu jëm ci seen diine, ak ci kenn
ku tudd Yeesu mu dee te Póol di wax ne mu ngi dund. [20] Xamuma
woon naka laay jële dogal ci lu jëm ci mbir moomu. Looloo tax ma
laaj Póol ndax nangu na dem Yerusalem ngir ñu àtte ko fa, [21] waaye
Póol ñaan na ngir ñu dénk Sesaar mbiram. Kon nag ma joxe ndigal
ngir ñu tëj ko ci kaso bi, ba keroog ma koy mëna yónnee Sesaar.»
[22] Àggripa daldi wax Festus ne: «Man tamit bëggoon naa déglu nit
kooku.» Festus tontu ko: «Dinga ko déglu suba.»

### Póol mu ngi layool boppam ci kanamu buur Àggripa

[23] Ci ëllëg sa Buur Àggripa ak Berenis ñëw ak ràññeeku, dugg ci
bérébu àttekaay bi ànd ak kommandaŋ yi ak nit ñu am solo ci dëkk
bi. Festus joxe ndigal, ñu daldi andi Póol. [24] Noonu Festus wax ne:
«Buur Àggripa ak yeen ñépp ñu fi nekk, xoolleen nit kii. Mbooloo
Yawut yépp ñëw nañu ci man di ko kalaame dale ko ci Yerusalem
ba fii te di yuuxu ci sama kaw ne nit kii yelloowul dund. [25] Man, gis
naa ne deful dara lu jaar ñu koy teg daanu dee, waaye moom dénk
na Sesaar mbiram. Kon nag jël naa dogal yónnee nit kii ci moom.
[26] Amuma dara lu wóor ci mbiram lu ma mëna bind ngir yónnee ko
Sesaar. Looloo tax ma andi ko ci seen kanam, te rawatina yaw Buur
Àggripa, ngir ma am lu ma bind gannaaw bi nu ko dégloo, [27] ndaxte
yónnee ku ñu tëj ci kaso te waxoo lu tax ñu koy tuumaal, ci sama
xalaat, amul benn njériñ.»

## 26

[1] Àggripa wax Póol ne: «Mën nga wax ngir setal sa der.» Póol
yékkëti loxoom, mu tàmbali di layool boppam naan: [2] «Buur
Àggripa, bég naa ci li ma mëna taxaw ci sa kanam tey ji ngir setal

sama der ci mbir yépp yi ma Yawut yi di tuumaal. 3 Ndaxte xam nga
bu baax aada Yawut yi yépp ak seeni waxtaan. Looloo tax, maa ngi
lay ñaan nga déglu ma ak muñ. 4 Yawut yépp xam nañu ni ma doon
dunde dale ko bi ma nekkee ndaw, xam nañu naka laa meloon bu
jëkk ci sama biir xeet ci Yerusalem. 5 Xam nañu ma bu yàgg te mën
nañu seede, su leen neexee, ne dund naa ni Farisen, mooy tarixa bi
gëna xër ci sunu diine. 6 Te léegi lii moo tax ñu may àtte: Maa ngi
yaakaar ne Yàlla dina matal li mu digoon sunu maam yi. 7 Dige
boobu, fukki giir ak ñaar yu Israyil yaakaar ne dina mat, moo tax
ñuy jaamu Yàlla guddi ak bëccëg ak takkute. Buur Àggripa, Yawut
yi dañu may tuumaal ci lu jëm ci yaakaar boobu. 8 Lu tax gëmuleen
ne Yàlla day dekkil ñu dee ñi?

9 «Man ci sama bopp sax xalaatoon naa ne war naa xeex turu
Yeesu mu Nasaret ci anam yépp. 10 Loolu laa doon def ci Yerusalem:
jotoon naa sañ-sañ ci njiiti-jébbalkati-sarax yi ngir tëj ci kaso ñu
bari ñi Boroom bi moom. Bi ñu leen doon teg daanu dee, àndoon
naa ci. 11 Doon naa faral di leen fitnaal ci kër-ñaan yi, te doon naa
leen jéema weddiloo seen ngëm. Meroon naa lool ba tax ma di leen
topp ba ci ay dëkk yu bokkul ci Israyil ngir fitnaal leen. 12 Ci noonu,
benn bés ma nekkoon ci yoonu Damaas ci ndigal ak sañ-sañu njiiti-
jébbalkati-sarax yi. 13 Buur Àggripa, nekkoon naa ci yoon bi ci diggu
bëccëg. Ci laa gis benn leer jóge ci asamaan, leer boobu moo
gënoona leer bu jant bi, te leeraayam wër ma, man ak ñi ma
àndaloon. 14 Nun ñépp nu daanu ci suuf te ma dégg benn baat doon
wax ak man ci kàllaama Yawut ne: "Sóol, Sóol lan moo tax nga may
fitnaal, jafe na ci yaw ni fas buy baña nangul ki koy wommat." 15 Ma
laaj ko ne: "Yaw la kan, Boroom bi?" Boroom bi tontu ma ne: "Man
la Yeesu mi ngay fitnaal. 16 Waaye léegi jógal, taxaw. Li tax ma
feeñu la mooy: tànn naa la ngir nga nekk sama surga, te nga seede

ci nit ñi ne gis nga ma, te nga wax leen leneen li ma lay won.
[17] Dinaa la musal ci askanu Yawut yi ak ñi dul Yawut. Ci ñoom laa la
yónni, [18] ngir nga ubbi seeni bët, jële leen ci lëndëm indi leen ci leer
gi, te jële leen ci loxo Seytaane indi leen ci Yàlla, ngir bu ñu gëmee
ci man, ñu am mbaalum bàkkaar te bokk cér ak ñi Yàlla moom."
[19] «Kon nag Buur Àggripa, bañuma woona déggal li ma Boroom bi
santoon bi mu ma feeñoo. [20] Waaye li tàmbalee ci Damaas, ak dëkku
Yerusalem, teg ci réewu Yawut yépp, ba agsi ci ñi dul Yawut, yégal
naa leen ne war nañu tuub seeni bàkkaar, ñu dellusi ci Yàlla te ñu
wone loolu ci seeni jëf. [21] Loolu moo tax Yawut yi jàpp ma ci ëttu
kër-Yàlla gi te ñu doon ma wuta rey, [22] waaye ba tey jii, Yàlla aar na
ma te maa ngi taxaw fii di ko seedeel ci kanamu ñépp, mag ak
ndaw. Yokkuma dara ci li yonent yi ak Musaa waxoon ne dina am:
[23] maanaam Almasi bi dina sonn te dina jëkka dekki ci ñu dee ñi
ngir yégal leeru mucc gi askanu Yawut yi ak ñi dul Yawut.»
[24] Bi Póol nekkee di layoo noonu, Festus yuuxu naan: «Póol danga
dof. Sa xam-xam bu réy moo la dofloo.» [25] Waaye Póol tontu ko ne:
«Festus mu tedd mi, dofuma. Damay wax ay kàddu yu dëggu te
wóor. [26] Buur Àggripa yég na loolu lépp. Loolu moo tax may wax ak
kóolute ci kanamam. Wóor na ma ne xam na mbir yooyu yépp,
ndaxte loolu xewewul ci béréb bu làqu. [27] Buur Àggripa ndax gëm
nga kàddu yonent yi? Waaw, xam naa ne gëm nga leen.» [28] Àggripa
tontu Póol ne: «Xanaa yaw ci diir bu gàtt bii, danga ma bëgga
gëmloo ci Almasi bi?» [29] Póol tontu ko ne: «Am na yéene ci kanamu
Yàlla, muy tey walla suba, nga mel ni man, yaw ak ñépp ñi may
déglu tey, ba mu des ceen yi ñu ma takk.»
[30] Ci loolu, buur bi, kilifa diiwaan bi, Berenis, ak ñépp ñi nekkoon
ak ñoom daldi jóg. [31] Ñu génn te di wax ci seen biir ne: «Nit kii deful
dara lu jaar ñu koy rey walla ñu koy tëj kaso.» [32] Buur Àggripa wax

Festus ne: «Mënoon nañu ko yewwi bu dénkul woon mbiram Sesaar.»

## 27

### Soldaar yi ñu ngi yóbbu Póol ci dëkku Room

[1] Bi ñu jëlee dogal dugal nu ci gaal ngir yóbbu nu réewu Itali, ci
lañu jël Póol ak ñeneen ñi ñu jàppoon, ñu dénk leen Yulyus, mi
nekk njiitu mbooloo soldaar bi ñu woowe xarekati Sesaar. [2] Nu dugg
gaal bi jóge Adaramit, jëm teerukaay yi ci diiwaanu Asi te nu daldi
dem. Aristàrk mi jóge dëkku Tesalonig ci diiwaanu Maseduwan
àndoon na ak nun. [3] Ci ëllëg sa nu teer dëkku Sidon. Noonu Yulyus
baaxoon ci Póol, may ko mu dem ci ay xaritam ngir ñu jox ko li mu
soxla ngir tukki bi. [4] Noonu nu teguwaat ci yoon bi. Ngelaw bi tere
nu nu wéy ci yoon bi nu bëggoona jël, noonu ñu teggi Sippar di
réew mi ndox wër. [5] Nu jàll ci géej gi janook diiwaanu Silisi ak bu
Pamfili ngir teer ci dëkku Mira ci diiwaanu Lisi. [6] Te foofu njiitu
soldaar bi daldi gis gaal bu jóge Alegsàndiri, jëm Itali. Noonu mu
dugal nu ci. [7] Ci diiru ay fan yu bari nu ngi doon daw ndànk ci géej
gi, te ak coono bu metti lanu yegsee ci kanamu dëkku Kanidd.
Ngelaw gi tax ba mënunu wéy ci yoon boobu. Nu jël beneen yoon,
romb Salmon ngir teggi Keret di réew mu ndox wër. [8] Ak coono bu
metti danu doon wéy di teggi Keret, ba yegsi ci béréb bi ñu woowe
teerukaay yu baax yi te ci wetam la dëkku Lase nekk.

### Ngelaw bu metti bi ci biir géej gi

[9] Ñàkk nanu waxtu yu bari ci sunu tukki bi te jamono Kooru Yawut
yi jàlloon na ba noppi. Noonu wóoratul woon nag ngir nu wéyal
tukki bi. Noonu Póol artu leen ne: [10] «Samay xarit, gis naa ne yoon
bi dina metti. Gaal gi ak li mu yeb dinañu yàqu, te nun sax mën
nanu ci ñàkk sunu bakkan.» [11] Waaye njiitu soldaaru Room bi, li

dawalkat bi ak boroom gaal gi wax la gëna wóolu li Póol wax.
12 Gannaaw teerukaay bi neexul woon ci nawet, ñi ëpp ci gaal gi
mànkoo jël dogal ngir jóge fa, jëlaat géej gi, ngir jéema yegg su
mënee nekk, Fenigsë, di teerukaay ci Keret bi jublu sowu sudd ak
sowu nord, ndaxte foofu moo wóoroon ngir ñu des fa ba nawet bi
jeex.
13 Bi ñu gisee ab ngelaw bu woyof jóge sudd, nit ñi daldi am
yaakaar ne dinañu mëna yegg Fenigsë. Noonu ñu jóge fi nu
nekkoon, nu wéy di teggi Keret. 14 Waaye yàggul dara ngelaw gu
mag daldi ñëw, jóge penku nord, daanu ci sunu kaw. 15 Ngelaw bi
ëpp doole gaal gi ba mënatunu ko jubbanti. Noonu nu bàyyi ngelaw
bi mu koy yóbbu. 16 Nu romb benn dëkk bu ndaw bu ndox wër bi
ñuy woowe Koda. Nu làqu fa ndax ngelaw bi. Sunu gaalu
rawalekaay bu ndaw doon na rëcc ci géej gi. Ak coono bu metti lanu
ko jëlaate. 17 Nu yéegal ko ci gaal gi. Ñi doon liggéey ci gaal gi jël ay
buum, wërale leen gaal gi, takk ko ci. Dañu doon ragala mbëkk suuf
bi ñuy woowe Sirt, noonu ñu sànni diigal bi, maanaam benn weñ bu
diis bu ñu takk ci gaal gi ngir ñu wàññi ni mu doon dawe. Ci noonu
ñu bàyyi ngelaw bi di nu yóbbu. 18 Ci ëllëg sa ngelaw bi wéy di
yëngal gaal gi ak doole, moo tax ñu sànni ci géej gi li gaal gi
yeboon. 19 Ci ñetteelu fan bi ñiy liggéey ci gaal gi ci seen bopp sànni
ci géej gi jumtukaayu gaal gi. 20 Ay bés yu bari mënunu woona gis
dara, du jant, du biddéew. Ngelaw bi wéy di am doole. Nu daldi
ñàkk bépp yaakaaru mucc.
21 Yàgg na lekkunu dara. Noonu Póol daldi taxaw ci kanamu ñépp
te ne leen: «Samay xarit, waroon ngeen ma déglu te baña jóge
Keret. Mënoon ngeen moytu ngelaw bii te ngeen baña ñàkk li gaal
gi yeboon. 22 Léegi nag, maa ngi leen di ñaax ngir ngeen dëgër-
dëgërlu, ndaxte kenn ci yeen du sànku, waaye gaal gi rekk mooy

yàqu. [23] Ci guddi gi Yàlla bi may liggéeyal te mu moom ma, yónni na
malaakaam ci man. [24] Malaaka mi wax ma ne: "Póol, bul ragal dara!
Fàww nga taxaw ci kanamu Sesaar, te yaw yaa tax Yàlla ci
mbaaxam aar ñépp ñi nga àndal ci gaal gi." [25] Kon nag samay xarit
ngeen dëgër-dëgërlu, ndaxte man wóolu naa Yàlla, ne dina def lépp
ni mu ma ko waxe. [26] Waaye gaal bi, fàww mu yàqu ci wetu benn
dëkk bu ndox wër.»
[27] Ci fukkeelu guddi gi ak ñeent nu nekk ci géeju Adiratig, ngelaw
bi di nu yóbbu. Ci xaaju guddi ñi doon liggéey ci gaal gi xalaat ne
dañoo jege suuf. [28] Ñu daldi sànni nattukaay bi ci biir géej gi, ñu gis
ne xóotaay bi tollo na ci ñeent fukki meetar. Ñu dem ba ci kanam
tuuti, ñu nattaat, gis ne nu ngi ci fanweeri meetar. [29] Ñu ragal gaal
gi mbëkk benn xeer, moo tax ñu sànni ñeenti diigal yi ci gannaaw
gaal gi, ngir wàññi ni mu doon dawe. Noonu ñu daldi xaar suba si te
yàkkamti ko lool. [30] Ñi doon liggéey ci gaal gi wàcce gaalu
rawalekaay bu ndaw bi ci biir géej gi di wax ne: «Nu ngi sànni
yeneen diigal ci kanamu gaal gi.» Waaye loolu nekkul woon dëgg.
Dañu bëggoona rëcc ci gaal gi. [31] Póol daldi ne njiitu soldaar bi ak ay
soldaaram: «Bu nit ñii desul ci biir gaal gi, dungeen mëna mucc.»
[32] Noonu soldaar yi dagg buum yi téye woon gaal gu ndaw gi te
bàyyi ko mu dem ci géej gi.
[33] Laata bët di set Póol daldi ñaax ñépp ngir ñu lekk te ne leen:
«Tey mooy fukki fan ak ñeent ngeen di xaar te lekkooleen dara.
[34] Maa ngi leen di ñaax ngir ngeen lekk ndaxte soxla ngeen ko ngir
mëna mucc. Kenn ci yeen du ñàkk benn kawaru boppam.»
[35] Gannaaw bi mu waxee kàddu yooyu, Póol jël mburu, sant Yàlla ci
kanamu ñépp, mu daldi ko damm te tàmbali lekk. [36] Noonu ñépp
seen xel dal te ñu tàmbali lekk ñoom itam. [37] Tollu woon nanu ci
ñaari téeméeri nit ak juróom ñaar fukk ak juróom benn (276) ci biir

gaal gi. 38 Bi ñu lekkee ba regg, ñu sànni saaku pepp yi ci géej gi ngir
gaal gi mëna woyof.
39 Bi bët setee ñi doon liggéey ci gaal gi xàmmewuñu béréb bi nu
nekkoon, waaye ñu séen ab tefes. Ñu jël dogal yóbbu fa gaal gi su
mënee nekk. 40 Loolu moo tax ñu dagg buumi diigal yi te bàyyi leen
ci biir géej gi, yewwiwaale buum yi téye woon joowukaayu gaal gi,
ba noppi ñu tàllal rido bu mag bi nekk ci kanamu gaal gi. Noonu
ngelaw bi di ko bëmëx te ñu jublu ci tefes bi. 41 Waaye ñu dal ci
benn jalu suuf bu nekkoon ci biir ndox mi te gaal gi mënatul dem.
Kanamu gaal gi suux ci suuf ba mënatul génn. Gannaawu gaal gi
dàjjeeku ndax dooley ndoxu géej gi. 42 Soldaar yi bëgga rey ñi ñu
jàppoon, ngir kenn ci ñoom baña féey ba rëcc. 43 Waaye njiitu
soldaar bi bëgga rawale Póol, tere leen pexe bi ñu bëggoona def.
Mu jox ndigal ñi mëna féey, ñu jëkka sóobu ci ndox mi ngir jot suuf
su wow si, 44 te ñeneen ñi topp leen, jëfandikoo ay dénk walla ay
tojit yu jóge ci gaal gi. Noonu ñépp yegsi nañu ci tefes gi ci jàmm ak
salaam.

## 28

### Póol ci dëkku Màlt

1 Bi nu rëccee ci dee, nu yég ne dëkk bu ndox wër bi nu teeroon,
Màlt la tudd. 2 Waa dëkk bi defal na nu lu baax. Ñu taal xal bu réy
ngir dalal nu ndaxte da doon taw te mu sedd lool. 3 Póol for taxanu
matt ngir sànni ko ci xal bi waaye benn jaan génn ci taxanu matt bi
ndax tàngoor bi te màtt ko ba taq ci loxoom. 4 Ba waa dëkk bi gisee
jaan bi képp loxo Póol ñu daldi wax ci seen biir: «Nit kii lu wóor
mooy reykatu nit la te rëcc ci géej gi, waaye sunu yàlla bu jigéen bi,
Njubte, mayu ko mu dund.» 5 Waaye Póol wiccax jaan bi ci xal bi te
dara mettiwu ko. 6 Nit ñi ñu ngi doon xaar Póol newwi walla mu

daanu dee ci saa si. Ñu xaar bu yàgg waaye ñu gis ne dara dalu ko.
Ñu daldi soppi seen xalaat te ne: «Kii, ab yàlla la.»
[7] Lu jege woon béréb bi nu nekkoon amoon na ay suuf yi doon
moomeelu kilifa dëkk boobu bu tudd Publiyus. Mu dalal nu ngan gu
réy, jox nu fu nu nekk diiru ñetti fan. [8] Fekkoon na pàppay Publiyus
mu ngi woon tëdd ndax yaram bu tàng ak biiru-tañña. Póol dem gis
ko, ñaan, teg ko ay loxo ci boppam, te wéral ko. [9] Noonu yeneen nit
yu feebar yi nekkoon Màlt ñëw ngir gis Póol, te mu wéral leen,
ñoom itam. [10] Nit ñi may nu cér lool. Bi nu waaja jëlaat gaal, ñu
daldi nu jox lépp li nu soxla ngir tukki bi.

## Póol yegsi na ci dëkku Room

[11] Gannaaw bi nu fa amee ñetti weer nu dem ci gaal bu jóge
Alegsàndiri te am ci kanamam jëmmu Kastor ak Polugsë, di ay yàlla
ci waa Geres. Mu def nawet bi ci teerukaayu gaal ci Màlt. [12] Bi nu
demee ba dëkku Sirakus, nu am fa ñetti fan. [13] Noonu gaal gi topp
tefes bi ba yegg ci dëkku Resiyo. Ci ëllëg sa, ngelawu sudd bi jóg te
dimbali nu, ba tax nu yegg ci dëkku Pusol ci ñaari fan. [14] Ca dëkk
boobu nu fekk fa ay mbokki gëmkat. Ñu ñaan nu ngir nu des ak
ñoom juróom ñaari fan. Gannaaw loolu nu dem Room. [15] Bi mbokk
yi dëkk Room yégee ne nu ngi ñëw, ñu dem ba ci Marse Apiyus ak
béréb bi ñuy wax Ñetti Daluwaayu Gan yi ngir daje fa ak nun. Bi
leen Póol gisee, muy sant Yàlla te ànd ak fit. [16] Bi nu yegsee Room,
ñu may Póol mu dal ci benn kër ak benn soldaar bu koy wottu.

## Póol yégal na xibaar bu baax bi Yawut yi ci dëkku Room

[17] Gannaaw ñetti fan Póol woolu njiiti Yawut yi nekk Room ngir ñu
daje. Bi ñu dajaloo ci këram, mu wax leen ne: «Mbokk yi, jàppoon
nañu ma ci Yerusalem te jébbal ma ci loxoy waa Room, fekk defuma
dara sunu askan walla sunuy aaday maam. [18] Gannaaw bi ma waa

Room laajee, ñu bëggoon ma bàyyi ndaxte gisuñu dara ci man lu
tax ñu may teg daanu dee. [19] Waaye Yawut yi bañ. Noonu amatuma
pexe bu dul dénk sama mbir Sesaar, doonte bëgguma taqal sama
askan. [20] Loolu moo waral ma bëggoon leena gis te waxtaan ak yeen,
ndaxte yaakaaru Israyil, moo tax ma yor ceen yii.» [21] Yawut yi tontu
ko ne: «Amunu benn bataaxal bu jóge Yude ci li jëm ci yaw, te amul
benn mbokk bu jóge foofu nettali nu walla mu wax nu lu bon ci
yaw. [22] Waaye bëggoon nanu la déglu, nga wax nu sa xalaat, ndaxte
xam nanu ne fépp la nit ñi di wax lu bon ci tarixa bi nga bokk.»

[23] Ñu jàpp nag beneen bés. Ci bés ba ñu gëna bari ñëw, fekksi ko fi
mu dëkk. Ci suba ba ci ngoon, Póol di leen yégal nguuru Yàlla gi te,
jaarale ko ci yoonu Musaa ak ci téere yonent yi, mu di leen wuta
gëmloo ci Yeesu. [24] Ñenn ñi daldi gëm li mu wax, waaye ñeneen ñi
baña gëm. [25] Gannaaw déggoowuñu woon ci seen biir, ñu bëgga tas,
Póol yokk ci kàddu yii, ne: «Li Xel mu Sell mi doon wax seeni maam
jaarale ko ci yonent Yàlla Esayi dëgg la, ba mu ne:

[26] *"Demal ci askan boobu te wax leen:*
*'Dingeen déglu ba sonn te dungeen dégg dara;*
*dingeen xool bu baax te dungeen gis dara.'*
[27] *Ndaxte xolu askan bii daa dëgër,*
*fatt nañu seen nopp yi,*
*tëj nañu seen bët yi,*
*ngir seen bët yi baña gis,*
*te seen nopp yi baña dégg,*
*ngir ñu baña xam,*
*te ñu baña woññeeku ci man Yàlla*
*ngir ma wéral leen."»*

[28-29] Póol yokk ca ne: «Xamleen nag lii: Yàlla yónnee na xibaaru
mucc gi ci ñi dul Yawut, te ñoom, dinañu ko déglu.»

30 Noonu diirub ñaari atu lëmm, Póol dëkkoon na ci kër gi mu doon
fey. Mu fay dalal ñépp ñi koy seetsi. 31 Mu ngi doon yégle nguuru
Yàlla gi te di jàngale ci li jëm ci Boroom bi Yeesu Almasi bi ak
kóolute bu mat sëkk te kenn terewu ko ko.